ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№139 (24.265) • 2021 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 20, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Къэбэрдей-Балъкъэрым бжьыпэр иубыдащ «ФIагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщIэнымкIэ




**«ФIагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэу 2021 гъэм зэфIагъэкIыну яубзыхуа лэжьыгъэхэм зэрехъулIэмкIэ къэралым пашэныгъэр зэрыщиIыгъым папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыхуагъэфэщащ Урысейм и Правительствэм и дипломрэ фэеплъ дамыгъэрэ.**

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ ухуэныгъэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэм 2030 гъэ пщIондэ зэрызаужьыну щIыкIэм теухуа семинар-зэIущIэу щэкIуэгъуэм и 18-м Урысейм и вице-премьер Хуснуллин Марат Москва щригъэкIуэкIам.

Зэхуэсым хэтхэм захуигъэзащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Кириенкэ Сергей. Урысейм и Президент Путин Владимир IэнатIэм къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэу къигъэувахэм ящыщщ псэупIэ, гъуэгу ухуэным ехьэлIа инфраструктурэ проектхэр гъэзэщIэныр.

ЗэIущIэм хэтащ УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Файзуллин Ирек, УФ-м и Къэрал къэпщытакIуэ IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм и унафэщI Манылов Игорь, УФ-м и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Орешкин Михаил, Москва къалэм и Iэтащхьэ Собянин Сергей, щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, IэнатIэм епха еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэр, IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр. Хуснуллин Марат ухуэныгъэ IэнатIэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм зэрызиужьыну унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр зэпкърихыу къэпсэлъащ. Абы къыщигъэлъэгъуащ субъектхэм а лэжьыгъэм щаIэну мыхьэнэмрэ IэнатIэхэм зэрызаужьыну щIыкIэхэмрэ.

Семинар-зэIущIэм щагъэлъэпIащ «ФIагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым къыщыхэжаныкIа щIыналъэхэр. Ар ирагъэхьэлIащ Урысейм и транспорт IэнатIэм илъэс къэс иригъэкIуэкI «Транспорт тхьэмахуэ» Iуэхум. ЩIыналъэхэр Iуэхум зэрехъулIэр лъэныкъуэ зыбжанэкIэ къапщытащ: проектхэр щIыныр зэрызэтеухуар, лэжьыгъэхэм я фIагъыр, иджырей технологиехэр къызэрагъэсэбэпыр, гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэныр къызэрызэгъэпэщар, зэгурыIуэныгъэхэр зэщIылIэнымкIэ яхузэфIэкIахэр, жылагъуэм пыщIэныгъэу хуаIэр.

«ФIагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэу 2021 гъэм зэфIагъэкIыну яубзыхуахэр гъэзэщIэнымкIэ къэралым пашэныгъэр зэрыщиIыгъым папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыхуагъэфэщащ Урысейм и Правительствэм и дипломрэ фэеплъ дамыгъэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ахэр къратыжащ Кириенкэ Сергей, Хуснуллин Марат, УФ-м и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Левитин Игорь сымэ. Лъэпкъ проектыр гъэзэщIэным къыщыхэжаныкIхэм ящыщщ Адыгэ, Тэтэрстан республикэхэр, Белгородскэ, Курскэ, Липецкэ, Мурманскэ, Оренбургскэ, Пензенскэ, Тульскэ областхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэрагъэпэщыжыну яубзыхуа гъуэгуи 183-м щыщу лэжьыгъэхэр щызэфIэкIащ 170-м, адрей къэнахэми я процент 92-р и кIэм нагъэблэгъащ. Зыхуей хуагъэзащ гъунэгъу щIыналъэхэр, республикэм и жылэхэр зэпызыщIэ автомобиль гъуэгу километри 116-рэ, километр 37-м гъуэгухэр къызэрагъэнэху Iэмэпсымэхэр, ущызекIуэну нэхъ дзыхьщIыгъуэджэхэм деж къэуххьэр щагъэуващ, лъэс зэпрыкIыпIи 116-р лъэпкъ мардэщIэхэм тету зэрагъэпэщащ.

Семинарыр Iуэху щхьэхуэхэм щытепсэлъыхь гупурэ гуэшауэ щытащ: административнэ лъэпощхьэпохэр, инвестицэхэр къыхалъхьэу ухуэныгъэхэр егъэжьэным текIуадэ зэманыр гъэмэщIэныр, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр: IэнатIэм зыщыIууэ гугъуехьхэмрэ ахэр дэгъэкIа зэрыхъумрэ, къалэ кIуэцI гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэныр, псэупIэщIэхэр щIынымкIэ щыIэ Iэмалхэр, ухуэныгъэхэр езыгъэкIуэкI IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэныр, нэгъуэщI Iуэхухэри щызэпкърахащ абыхэм.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Урысеймрэ Узбекистанымрэ адэкIи зэрызэдэлэжьэну щIыкIэр яубзыху



**Москва щызэхэтащ Урысеймрэ Узбекистанымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа 11 щIыналъэзэхуаку Зэхуэсышхуэр.**

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим, Узбекистан Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым инвестицэхэмрэ къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ - инвестицэхэмрэ къэрал щIыб сатумкIэ и министр Умурзаков Сардор, Урысейм хыхьэ субъектхэм ящыщу пщIым (Къэбэрдей-Балъкъэр, Карелие республикэхэм, Самарскэ, Омскэ, Свердловскэ, Ульяновскэ, Челябинскэ, Ростовскэ областхэм, Журт автономнэ областым, Ставропольскэ крайм) я Iэтащхьэхэр, Узбекистаным и щIыналъэхэм я унафэщIхэр.

*(КIэухыр 2-нэ нап.)*

# Урысеймрэ Узбекистанымрэ адэкIи зэрызэдэлэжьэну щIыкIэр яубзыху




*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

Урысейм и Президент Путин Владимир Зэхуэсышхуэм хэтхэм захуигъазэу яхуигъэхьа тхыгъэм итщ: «Урысейр Узбекистаным и сату-щIэгъу нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ икIи а къэралым хамэ хэкухэм сатууэ ядищIымкIэ етIуанэ увыпIэр тIыгъщ. Пандемием и лъэхъэнэми нэхъри зеубгъу ди къэралхэм экономикэ и лъэныкъуэкIэ яIэ зэпыщIэныгъэм. 2020 гъэм сатууэ зэдэтщIар процент 16-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи доллар мелардих и уасэм нэблэгъэпащ».

Форумым хэтхэм закъыхуигъэзащ Узбекистаным и президент Мирзиёев Шавкати. Абы къыхигъэщащ Урысейр Узбекистаным и экономикэм и инвестор нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр. «Мы зэманым урысей инвестицэхэр ди къэралым доллар меларди 10-м щыщIегъу икIи абы адэкIи хохъуэ. Шэч хэмылъу, щIыналъэхэр адэкIи зэдэлэжьэнымкIэ Iэмалышхуэхэр диIэщ. Дэ адэкIи пхыдгъэкIынущ зэгъусэу дгъэхьэзыр бизнес-проектхэр икIи промышленность, мэкъумэш IэнатIэхэм, щIыдагъэм, хущхъуэ гъэхьэзырыным, щэкIхэр зэIущэным елэжь, нэгъуэщI IэнатIэхэми Iэмалыщ Iэхэр къыщызэдгъэпэщынущ.

Зэхуэсышхуэм хыхьэу Урысеймрэ Узбекистанымрэ я щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр тепсэлъыхьащ зэрызэдэлэжьыну щIыкIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дежкIэ Узбекистаныр и сату-экономикэ дарэгъу нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ щытщ. 2019 - 2020 гъэхэм къриубыдэу Узбекистаным сатууэ дащIыр процент 59-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Процент 12-кIэ хэхъуащ продукцэу яхуригъашэм, щIыналъэм къыщыщIагъэкIауэ нэгъуэщI хэкухэм ярищэм и процент 40-р а къэралым хуозэ. Ди республикэм Узбекистаным нэхъыбэу хурегъашэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр, сэхэкIхэр, крахмал, пхъэрэ абы къыхэщIыкIахэмрэ, фадэрэ псыIэфIхэмрэ, серчэ, IэфIыкIэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыIэрохьэ Узбекистаным бжьэхуцым къыхэщIыкIауэ щащIахэр, какао, IэфIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

2019 гъэм Ташкент еблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэхэр, Узбекистаным ейхэр 2020 гъэм ди республикэм щыхьэщIащ. Сату-экономикэ, инвестицэ я лъэныкъуэкIэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэм и лъабжьэр мэкъумэш IэнатIэмрэ туризмэм щызэдэлэжьэнымрэщ. «КъБР-м хьэрычэт IэнатIэр щыдэIыгъынымкIэ и центрым» и ЩIыналъэ фондыр и щIэгъэкъуэну Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ хьэрычэтыщIэхэр дызэрыт илъэсым и щэкIуэгъуэм Узбекистан Республикэм кIуэну траухуащ, сату-экономикэ зэпыщIэныгъэхэм нэхъри зрагъэубгъун мурадыр яIэу.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***



# Адыгэ унагъуэ дахэ

**Москва щекIуэкIащ «Илъэсым и унагъуэ-2021» урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуахэр щагъэлъапIэ зэIущIэ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, абыхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Къашыргъэхэ я унагъуэ дахэр.**

ТЭРЧ районым щыщ Къашыргъэхэ Зурабрэ Дианэрэ щытекIуащ зэпеуэм и «Къуажэдэс унагъуэ» лIэужьыгъуэм. КъызэгъэпэщакIуэхэм яубзыхуа хабзэхэм тету, абы хэтащ къуажэм щыпсэу, жылэм и псэуныгъэр егъэфIэкIуэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщI, лэжьыгъэм, творчествэм, спортым, сабийхэр гъэсэным ехъулIэныгъэхэр щызиIэ унагъуэхэр.

Зурабрэ Дианэрэ унагъуэ зэраухуэрэ илъэс 17 мэхъу, сабиищ (зы щIалэрэ хъыджэбзитIрэ) яIэщ. Къашыргъэ Зураб къыхуагъэфэщащ «ФIы дыдэу и къулыкъум зэрыпэрытым папщIэ», «Милицэм и отличник», «Лэжьыгъэм къызэрыхэжаныкIам папщIэ», «Iэщэ къыщагъэсэбэп зэпэщIэтыныгъэхэм зэрыхэтам папщIэ», «Кавказым къулыкъу зэрыщищIам папщIэ» бгъэхэIухэр, КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и фIыщIэ тхылъ. Сабийхэм - фIыуэ зэреджэмрэ гъэсэныгъэ зэрахэлъымрэ къыпэкIуа щIыхь тхылъхэр.

Урысейпсо зэхьэзэхуэр Iуэхугъуитхум теухуауэ екIуэкIащ: «Сабий куэд щапI унагъуэ», «УнагъуэщIэ», «Къуажэдэс унагъуэ», «Унагъуэ дыщэ», «Унагъуэр хабзэхэм я хъумакIуэщ». Мы гъэм абы хэтащ ди къэралым и щIыналъэ псоми щыщу унагъуэ мини 3-м щIигъу, финалым унагъуэ 366-рэ нэсащ, фIыхэм я нэхъыфIыжу 85-рэ къыхагъэщхьэхукIащ. Апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу унагъуи 5 зэпеуэм и лауреат хъуащ.

ТекIуэныгъэ къэзыхьа унагъуэхэм дипломхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ иратынущ.

Урысейпсо зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ УФ-м Лэжьыгъэмрэ псэуныгъэмкIэ и министерствэмрэ ЩытыкIэ гугъум къихута сабийхэм защIэгъэкъуэнымкIэ фондымрэ. Къэрал мыхьэнэ иIэу, «Илъэсым и унагъуэ» зэхьэзэхуэр иджы еханэу йокIуэкI. А зэманым къриубыдэу абы хэтащ къэралым и хэгъэгу псоми щыщу унагъуэ мин 18-м щIигъу.

Зэхьэзэхуэр зыхуэгъэзар щапхъэ зытрах хъуну унагъуэ дахэм, щыпсэу щIыналъэм, къэрал псом я зыужьыныгъэм хуэлажьэхэм я пщIэр къэIэтыжынырщ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**



# Олимп чемпион Махуэ Билал

**Дунейпсо Олимп комитетым и зи чэзу зэхыхьэу щэкIуэгъуэм и 12-м екIуэкIам хъыбар гуапэ къытхуихьащ - 2012 гъэм Лондон щызэхэта Олимп Джэгухэм я чемпион цIэр къыхуагъэфэщащ бэнэкIэ хуитымкIэ щэнейрэ дунейпсо чемпион Махуэ Билал. А хъыбарыр зэбгригъэхащ Урысейм Спорт бэнэкIэмкIэ и федерацэм и пресс-IэнатIэм.**

«АР ди IэщIагъэлIхэм, Урысей Федерацэм и Олимп комитетымрэ БэнэкIэмкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэмрэ зэдай лэжьыгъэщ. ЗэхэгъэкIыныгъэхэр илъэскIэ екIуэкIащ, куэдрэ чэнджэщащ. Узбекистаным щыщ Таймазов Артуррэ Куржым и лIыкIуэ Модзманашвили Давитрэ допинг зрахьэлIауэ къыщIагъэща нэужь, абыхэм медалхэр къытрахыжащ. А псори зэпалъытри, МОК-м унафэ ищIащ дыщэ медалитI ятыну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Олимп Джэгухэм щытекIуауэ къалъытащ Махуэ Билалрэ Ираным щыщ Гасеми Комейлрэ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ, зэIущIэм хэта Дунейпсо Олимп комитетри адрей IэнатIэхэри Iуэхум захуагъэр и лъабжьэу зэрыбгъэдыхьар», - жиIащ УФ-м Спорт бэнэкIэмкIэ и федерацэм и президент Мамиашвили Михаил.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2012 гъэм Лондон щекIуэкIа Олимп Джэгухэм зи хьэлъагъыр килограмми 120-м нэблагъэхэм я деж Махуэ Билал бэнэкIэ хуитымкIэ ещанэ увыпIэр къыщихьауэ щытащ.

«Шэч къытесхьэркъым медалыр Махуэм зэрыхуэфащэм. Билали, и адэ-анэми, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Дагъыстэнымрэ щыщу абы къыдэщIхэми сохъуэхъу!» - жиIащ Мамиашвили.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# Адыгэ шууейхэм дунейпсо утыкур ягъэбжьыфIэ

**Шы IуэхухэмкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (FEI) хэIущыIу ищIащ шууейхэм илъэсым къриубыдэу къагъэлъэгъуа зэфIэкIыр.**

УРЫСЕЙ шууейхэм ящыщу япэ увыпIэр а сатырым щиIыгъщ Къалэ Мухьэмэд. Ар и фIыгъэщ иужьрейуэ екIуэкIа дунейпсо шуулей зэхьэзэхуэм Мухьэмэд япэреипщIым зэрыщыхиубыдар. Къалэмрэ ар зытес Найсрэ апхуэдэ зэфIэкI къагъэлъэгъуэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ урысей шу гупым я тренер Ездэч Мурат.

Шууейхэм я зэфIэкIыр къыщыгъэлъэгъуа дунейпсо рейтингым Къалэ Мухьэмэд 27-нэу итщ. АдэкIэ долъагъу Махуэ Ахьмэд (110), Сибэч Артур (147), Джатэ Щамил (158), Тау Аслъэнбэч (173), Хъупсырджэн Залым (228), Щоджэн Щамел (250), ЦIыпIынэ Ислъам (255) сымэ я цIэ-унэцIэхэр. Псори Тхьэм иригъэфIакIуэ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**





# «Спартак-Налшык» - «Черноморец» - 1:0

**Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ дыгъуасэ Налшык щызэхэта зэIущIэм апхуэдэ бжыгъэ къурикIуащ.**

ДИ ЩIАЛЭХЭМ ящыщу къыхэжаныкIащ ЛIуп Ислъам.

Джэгур зэрекIуэкIамрэ абы и ужькIэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# «StartUp 5642» зэпеуэр йокIуэкI




**УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым КъБР-м и сенатору щыIэ, ЩIДАА-м и Президент Къанокъуэ Арсен къызэригъэпэща «StartUp 5642» зэпеуэр йокIуэкI. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу хьэрычэт Iуэху мыиным хэтхэм папщIэ къызэригъэпэщащ.**

АБЫ ирагъэхьа проекти 160-м щыщу 143-р япэ Iыхьэм блэкIащ. Зэпеуэм къыхахыну лэжьыгъи 10-м ахъшэр трагуэшэжынущ, Iэ зэрыхуаIэтам елъытауэ, щхьэж и кIэн къызэрикIым хуэдэу. Республикэм щыпсэухэм лэжьыгъэхэм зыщыщагъэгъуэзэну Iэмал яIэщ Къанокъуэ Арсен и Инстаграм напэкIуэцIым: @ kanokov_arsen. ЦIыхум къылъысу зы проектым папщIэ Iэ иIэтыну хуиту аращ. Абы щхьэкIэ проектым ухэзыгъэгъуазэ тхыгъэм кIэщIэптхэн хуейуэ аращ уигу ирихьа лэжьыгъэр зыхуэдэр. Онлайн IэIэтыр щэкIуэгъуэм и 25-м иухынущ.

Къанокъуэ Арсен къызэригъэпэща Iуэхур псапащIэ зэпеуэщ. Мылъкуу сом мелуани 5-рэ мин 250-рэ хухихащ. Мыхьэнэ зиIэ жэрдэм къыхэзылъхьэхэм, хьэрычэт Iуэху яублэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ щIалэгъуалэм я дежкIэ зэпеуэр щхьэпэщ. Ар цIыхухэм сэбэп яхуэхъун хуейщ я щIэныгъэм хагъэхъуэнымкIэ, IэпщIэлъапщIагъэ гуэрым зыхуагъэсэнымкIэ, нэгъуэщIхэмкIэ.

ЛIэужьыгъуэ куэду зэщхьэщокI зэпеуэм ирагъэхьа лэжьыгъэхэр. ХадэгъэкI Iуэхухэм, гъэш зехьэкIэм, бжьэ гъэхъуным, гъукIэ IэщIагъэм, медицинэм, спортым, анэдэлъхубзэм, дэрбзэрыным, пщэфIэным, техникэм, нэгъуэщIхэм ятеухуащ ахэр.

Къыхэдгъэщыну дыхуейт адыгэ лъэпкъым и къэкIуэным хуэгъэпса Iуэхухэри зэрахэтыр. «Зы бзэ», «Сопсэлъэф», «Адыгэ псалъэ» проектхэр зытеухуар лъэпкъым анэдэлъхубзэр Iурылъынырщ. Адыгэ шхыныгъуэхэм, тхыпхъэхэм, лъэпкъ IэщIагъэхэм ятеухуа проектхэри щыIэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, абыхэм щIэщыгъуэ дыдэ зэрахэтыр.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**




# Хъуэхъум и къарур

**Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм хъуэхъум пщIэшхуэ хуащIу къокIуэкI. Хъуэхъу дахэкIэ дуней къэхъукъащIэхэр къагъэIурыщIэну хэтт. «Хъуэхъур куэд хъуркъым», «Узэхъуэхъур къохъуэхъуж», «Хъуэхъум и пэри и кIэри хъуэхъущ». А псоми къарыкIыр зыт - «Хъуэхъум и къарур инщ, умыщхьэхыу узэрыхъуэхъуэн», жыхуаIэт.**

АДЫГЭМ илэжь дэтхэнэ зы Iуэхуми щIидзэн ипэкIэ, «Iуэху пэублэ хъуэхъу» къабжырт:

Ди тхьэ, Тхьэшхуэ, псынщIэ теIуэ, фIы теIуатэ, Iэ ижьым егъэублэ, Iэ сэмэгум егъэух, узыншагъэкIэ къедгъэхьэлIэж, гуфIэгъуэкIэ дыгъэшхыж! - жаIэрти, лэжьыгъэ IэнатIэм пэрыувэрт.

Абы къинэмыщIауэ, ялэжь Iуэхугъуэм елъытауэ, хъуэхъу куэд къаIэтын хуей хъурт. «УнэщIэ хъуэхъу», «Вабдзэ телъхьэ хъуэхъу», «Гъунэилъэ хъуэхъу», «ВакIуэдэкI хъуэхъу», «Амыщ и хъуэхъу», «Iэнэгу хъуэхъу», «Нысашэ хъуэхъу», «Щауэишыж хъуэхъу», «Бэракъ е вакIуэихьэж хъуэхъу», «Махуэшхуэ хъуэхъу».

Адыгэм бжьэ къиIэту щытакъым, хъуэхъу трыжимыIыхьу, ар сыт хуэдэ Iуэхугъуэм къыхуащтауэ щытми. Зэрыхабзэти, фадэбжьэм нэхъыжьыр техъуэхъухьырт, нэгъуэщI зыгуэрым иритырти, иригъафэрт. Хъуахъуэу езыр ефэжу хабзэтэкъым. Зыхуигъэфэщар ефа нэужь, кърипыжырти, итIанэт хъуэхъуар щефэр. «Хъуахъуэрэ ефэжмэ, Джылахъстэнейщ», - жаIэу а псалъафэр къыщIежьари аращ.

Ауэ мыпхуэдэ хъыбари щыIэщ. Къетыкъуэ и къуэ Аслъэнбэч и пщыгъуэ зэманым Iэпхъуэшапхъуэурэ щIыпIэ зыкъомым щыпсэуащ. ИкIэм ар Къэщкъэтау щыдэсам щыгъуэ, лIэмэ, абы щыщIалъхьэну кхъэлэгъунэ-чэщанэ иригъэщIат. Чэщанэр зыщIахэр къыщIишэри Iэнэ къахуищтащ, фадэ къахуищтащ. Ауэ махъсымэбжьэм ефэн щхьэкIэ, мыхъуахъуэу хъунутэкъым. Ар хабзэт. Зытехъуэхъухьын хуейр - чэщанэ иригъэщIар арат. Хъуэхъуэн хуейр гупым я нэхъыжьрати, Iэнэр къащIыхуищта чэщанэм щхьэкIэ хъуэхъу жиIэн къыхуэгупсысыртэкъым. Абы хэту, Аслъэнбэч и чэнджэщэгъу Къэзанокъуэ Жэбагъы щымыIауэ, хеящIэ къикIыжауэ къыщIыхьащ. КъыщIыхьэм бжьэ ират хабзэти, «Мыбы си къалэныр сщхьэщихынщ» жыхуиIэ щIыкIэу, нэхъыжьым, ищIэни жиIэни имыщIэу, иIыгъ бжьэр Жэбагъы иритащ. Жэбагъы щIэупщIащ, фадэм щIефэ щхьэусыгъуэм. Абы и жэуапыр къыщратым, Жэбагъы жиIащ:

- АтIэ, кхъэлэгъунэм и кIуэцIыр нэщIрэ и щIыбыр щIэращIэу куэдрэ Тхьэм щигъэт.

Адыгэ хъуэхъу-сэламхэр зыбжанэу зэтегъэпщIыкIащ. Хъуэхъу-сэламыр цIыхур зэлэжьу зыпэрыт IэнатIэм теухуащ. Сэлам хъуэхъур зытыр бгъэдыхьарщ, къеIызыхыу жэуап зытыжыр лэжьыгъэ зыщIэу IэнатIэм пэрытырщ. Абы къыхэкIыу, адыгэм лэжьыгъэ бжыгъэм тещIыхьа сэлам тыкIэ зэхуэмыдэхэри иIащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



## Мы махуэхэм

### ЩэкIуэгъуэм и 20, *щэбэт*

✦**Сабийм и дунейпсо махуэщ**

✦**Мексикэм щагъэлъапIэ я революцэм и махуэр**

✦**1922 гъэм** РСФСР-м хыхьэу къызэрагъэпэщащ Шэшэн автономнэ областыр.

✦**1996 гъэм** «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр ягъэуващ.

✦**1927 гъэм** къалъхуащ актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Ульянов Михаил**.

✦**1928 гъэм** къалъхуащ актёр, режиссёр, жылагъуэ лэжьакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Баталов Алексей**.

✦**1942 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Габуние Зинаидэ**.

✦**1946 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, политик, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **ЩакIуэ Мусэлий**.

✦**1951 гъэм** къалъхуащ юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Мэретыкъуэ Хьисэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

### ЩэкIуэгъуэм и 21, *тхьэмахуэ*

✦**Философием и дунейпсо махуэщ**

✦**Телевиденэм и дунейпсо махуэщ**

✦**Тутын емыфэным и дунейпсо махуэщ**

✦**Сэлам зэхыным и дунейпсо махуэщ**

✦**Урысей Федерацэм и налог органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ.** 1991 гъэм щэкIуэгъуэм и 21-м РСФСР-м и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ Къэрал налог IуэхущIапIэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэм.

✦**Бухгалтерым и махуэщ**

✦**Алыджым IэщэкIэ зэщIэузэда и къарухэм я махуэщ**

✦**1916 гъэм** Эгейскэ тенджызым, нэмыцэхэм псым хадза лагъымым жьэхэуэри, щыщIилъэфащ Инджылызым и «Британник» кхъухьыр. Абы ещхь «Титаник»-р, мыл джейм жьэхихьэри, 1912 гъэм и мэлыжьыхьым Атлантикэ тенджызым щыщIилъэфауэ щытащ.

✦**1951 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-живописец, УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Маргъущ Анатолий.**

✦**1963 гъэм** къалъхуащ бэнакIуэ цIэрыIуэ, Олимп чемпион, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Мамиашвили Михаил**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

### ЩэкIуэгъуэм и 22, *блыщхьэ*

✦**Къуэхэм я дунейпсо махуэщ**

✦**Урысейм щагъэлъапIэ Психологхэм я махуэр**

✦**Азербайджаным и юстицэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

✦**Арменнем и банк лэжьакIуэм и махуэщ**

✦**Ливаным и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.** 1943 гъэм Ливан Республикэр Франджым и тепщэныгъэм къызэрыщIэкIым теухуа унафэ къащтащ. Ар я махуэ нэхъ лъапIэхэм ящыщу къалъытэ ливанхэм.

✦**1917 гъэм** Канадэм къыщызэрагъэпэщащ иджыпсту дунейм пщIэ нэхъ щызиIэхэм ящыщ спорт зэгухьэныгъэр - Лъэпкъ хоккей лигэр - НХЛ-р.

✦**1941 гъэм** Ладогэ гуэлым пхыкI мыл гъуэгур («ГъащIэм и гъуэгу» зыфIащауэ щытар) къызэIуахащ.

✦**1956 гъэм** Мельбурн (Австралие) къыщызэIуахащ XVI Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр екIуэкIащ щэкIуэгъуэм и 22 - дыгъэгъазэм и 8-хэм. Абы хиубыдэу шы спортымкIэ зэхьэзэхуэхэр Стокгольм (Швецие) щызэхэтащ 1956 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10 - 17-хэм.

✦**1801 гъэм** къалъхуащ урыс лексикограф, тхакIуэ, дохутыр, нобэми къагъэсэбэп урысыбзэ псалъалъэ зэхэзылъхьа **Даль Владимир**.

✦**1920 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ, зэдзэкIакIуэ, щIэныгъэлI **КIуащ БетIал**.

✦**1933 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Уэлджыр Мушэхьид**.

✦**1940 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зрата **Шыбзыхъуэ Азэмэт**.

✦**1943 гъэм** къалъхуащ КъБР-ми АР-ми щIыхь зиIэ я артист **Иуан Владимир**.

✦**1948 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало Арсен.**

✦**1949 гъэм** къалъхуащ журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Беслъэней Владимир**.

✦**1969 гъэм** къалъхуащ адыгэ лъэпкъ фащэр дынымкIэ дизайнер, модельер, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуа **Сэралъп Мадинэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 12, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**УпщIалэ и былым кIуэдыркъым.**

# ГъащIэшхуи щIэупщIэшхуи иIэнущ

**Адыгэбзэм хуэзхалъхьауэ псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр дунейм къытехьащ - псалъэгъэнахуэ, зэзыдзэкI, фразеологие, пэжырытхэ, нэгъуэщI жыпIэми. Мыбы и лъэныкъуэкIэ ди Iуэхухэр IейкъыкъымI. Ауэ, апхуэдэу щытми, дяпэкIи длэжьын хуейр мащIэкъым. Къытпэщытхэм, куэд щIауэ дызыхуыщIэхэм ящыщщ ХьэцIыкIу Рае ди пащхьэ кърилъхьа лэжьыгъэщIэри. Ар къалэну зыхуигъэувыжу илъэс бжыгъэкIэ елIэлIа, зи гуащIэ псэемыблэжу езыхьэлIа Рае фIыщIэ лей хуэщIыпхъэщ.**

БЗЭМКIЭ егъэджакIуэри, бзэр зыджри япэу зэпхъуэну зыхуэныкъуэхэм ящыщщ псалъэ къэхъукIэхэмкIэ гъуэгугъэлъагъуэ псалъалъэр, сыту жыпIэмэ бзэм псалъэ къызэригъэхъу Iэмалхэм ущымыгъуазэу, адэкIэ абыхэм уаригъуазэурэ уэ къэпIуэтэну узыхуей гупсысэхэр къикIыу псалъэ къэбгъэщIыф умыхъуамэ, а бзэр кууеу умыщIэу аращ. Рае зыхущIэкъури и хъуэпсапIэри аращ - иджырей щIэблэри, дяпэкIэ дунейм къытехьэнухэри бзэм хуэIэзэу къэгъэхъунырщ, дунейм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм зи лъабжьэр щIауд анэдэлъхубзэм и гъащIэр апхуэдэ щIыкIэкIи кIыхь щIынырщ. Емызэшыжу а Iуэхум толэжьыхь мы бзылъхугъэр, хэкIыпIэ гъэщIэгъуэн куэди абы къыхуегъуэтри гъащIэм хепщэ. Мы псалъалъэри а гъуэгум щича лъэбакъуэшхуэу къызолъытэ.

Дауэ пэлъэщауэ пIэрэ мыпхуэдэ къалэн мытыншым жыпIэмэ, сэ мы лэжьыгъэм гупсэхуу нэIуасэ зыхуэсщIащи, шэч лъэпкъ къытесхьэркъым ар сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей зэрыхуэзам, мыпхуэдэ псалъалъэ лIэужьыгъуэу нэгъуэщIыбзэхэм, псалъэм папщIэ урысыбзэм, хузэхалъхьауэ щыIэхэм я нэхьыфIхэм ябгъурыбгъэувэ зэрыхъунум. Дауи, псалъалъэр зэхэзыгъэувар а зи гугъу сщIыхэм якIэлъыплъащ, ахэр зыкъомкIи щапхъэ хуэхъуащ. Ауэ бзэ къэс езым и зэхэлъыкIэ щиIэкIэ, абыхэми бгъэдыхьэкIэ зырызи къахуумылъыхъуэу хъуркъым, Раи апхуэдэ проблемэ хэтащ - адыгэбзитIми, абыхэм я Iыхьлы абазэбзэми, абхъазыбзэми мызыгъуэгукIэ псалъэ къэхъукIэ псалъалъэ щамыIэкIэ, абы езым и лъагъуэ хишыжын хуей хъуащ.

Ди бзэм и нэщэнэщ зы пычыгъуэ фIэкIа мыхъу псалъэ лъабжьэм и пэмкIи и кIэмкIи зыр адрейм кIэлъыкIуэу мыхьэнэщIэ къэзыгъэхъу Iыхьэхэр пыувэурэ, гъэщIэрэщIауэ жыпIэмэ, нэрынэ-нэрынэу къызэрыкIыурэ, сатыр псо хъу псалъэ зэхэлъхэр къызэрытехъукIыр. Псом ялейуэ апхуэдэ зыдэтлъагъур лэжьыгъэ къызэрыкI псалъэхэрщ, нобэ глагол жыхуэтIэхэрщ. ПсалъэмакъымтIэкIу дыкъытокI, ауэ и чэзу хъуат мыбы хамэбзэкIэ мыхъуу адыгэбзэкIэ фIэщыгъэ иIэну, ауэ къафIэмыIуэхуныгъэр арами, темыгушхуэныгъэм къызэкIами, мыбы и мызакъуэу нэгъуэщI бзэщIэныгъэ фIэщыгъэцIэ куэдымкIи нэгъуэщIыбзэ жыIэкIэхэм дакъытемыкIыфу дыкъокIуэкI. Зэгуэр къыхалъхьэу иджы дызэсэжа «щыIэцIэ», «плъыфэцIэ»-хэм хуэдэу глаголми «лэжьыгъэцIэ»-кIэ щхьэ деджэ мыхъурэ? Мы проблемэр зэфIэхыным яужь дихьакIэщ, Тхьэм жиIэмэ, абы унафэ гуэр мыгувэу игъуэтынущ.

АтIэ, глаголым деж дгъэзэжынщи, абы хэлъ лэжьыгъэм и екIуэкIыкIэр игъэнаIуэу хэувэ псалъэ Iыхьэхэр куэд мэхъу: псалъэм папщIэ, ар зыгуэрым е ищхьэмкIэ, е илъабжьэмкIэ, е ибгъумкIэ зэрыщекIуэкIыр, тыншу е гугъуу, псынщIэу е хуэмуу къызэрыхъур, н.къ. Ахэр къэхутэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыгъэкIа щIэныгъэлI цIэрыIуэ Къумахуэ Мухьэдин мыпхуэдэ щапхъэ къехь: къы-д-е-з-гъэ-шэ-жы-ф-а-тэ-къым.

Мыбы нэхъэр нэхъ гугъужхэри щыIэщ. Пэжщ, мы щапхъэ къэтхьам хэтщ псалъэ къэзыгъэхъухэм нэмыщI псалъэхъуэжхэри - къапщтэмэ, Iуэхугъуэр зылэжьыр, къыдэзылэжьыр, ахэр зэлэжьыр, н.къ. къагъэлъагъуэу глаголым зэуэ щхьэ префиксу тхум нэс хоувэф. Иджы мыпхуэдизыр щызэхэувэкIэ, а псор зэхэмызэрыхьу дауэ къанэрэ? ГъэщIэгъуэныр абдежыращи, псалъэ къэзыгъэхъу (псалъэщI жытIэми хъунущ) Iыхьэ къэс пыухыкIауэ езым и увыпIэ иIэжщ. Iэнэ тIысыгъуэм деж нэхъыжь-нэхъыщIэ зэрыжытIэм хуэдэу, е гуп зэхэтмэ, хэт ижьрабгъукIэ, хэт сэмэгурабгъукIэ къыщытын зэрыхуейм хуэдэу, адыгэм ди зэхэтыкIэ хабзэм хуэдэ ди бзэми щызокIуэ. Сэмэгурабгъу-ижьрабгъум бзэм щыхуэбгъадэ хъунущ лъабжьэпэ (префикс), лъабжьэужь (суффикс) гупитIыр, мыдэкIэ а гупхэм ящыщ дэтхэнэри зэрызэхэт Iыхьэхэр дауэ зэкIэлъыкIуэн хуейми - хэт япэ, хэт яужь итын хуейми - ди Iэнэ тIысыкIэм ебгъапщэ мэхъу. А хабзэхэр димыIэу щхьэж езым къызэрыфIэщIым хуэдэу псалъэм и Iыхьэхэр кърегъэувэкIын щIидзамэ, зым жиIэр адрейм къыгурымыIуэжу дыкъызэхэнат. Гу лъыфтагъэнщ, зыгуэрым зэрымыщIэкIэ, е бзэр кууэ зэримыщIэм къыхэкIыу псалъэм и Iыхьэ гуэрхэр зэблэгъэувыкIауэ къипсэлъмэ, ар занщIэу тхьэкIумэм къоуэ. Аращи, псалъэ къэхъукIэ тэмэмым ущыгъуазэу ущытыным мыхьэнэшхуэ иIэщ.

НэгъуэщI зы лъэныкъуи щыIэщ, и гугъу умыщIу ублэкI мыхъуу. ПсалъэщIэ къыщыхъукIэ, абы и Iыхьэ зэхыхьэхэм мымащIэу щокIуэкI макъ хъуэж, макъ зэблэхъу сыт хуэдэхэр. Ахэр къыхэлъытауэ псалъэм и тхыкIэм хабзэ гуэрхэр хуэгъэувауэ щытщ. КIуэ, ди пэжырытхэм и бгъэдыхьэкIэ нэхъыщхьэр зэрызэхэпхым ещхьу (фонетикэ принцип) тхынырщ, ауэ абы имызагъэу зэрызэхэткIэ (морфологие принцип) тхын хуейхэри щыIэщ. Уеблэмэ а тIуми къызэщIамыубыдэу зэрызэгурыIуа тхыкIэ жыхуиIэри диIэщ. Иджы псалъэ гуэр птхын хуейуэ, абы и тхыкIэ хабзэми ущымыгъуазэмэ, къэнэжыр ар псалъалъэм къыщыплъыхъуэнырщ. Абы тещIыхьа пэжырытхэ псалъалъэ щыIэщ, ауэ ар уимыIэми, мис мы къэхъукIэ псалъалъэр, ар и къалэну щымытми, щIэгъэкъуэн къыпхуэхъуфынущ.

Мы псалъэмакъ кIыхьыр къыщIэзгъэхьеяр ХьэцIыкIу Рае зыпэрыта Iуэхур зэрымыцIыкIуфэкIур фи нэгу къыщIэзгъэхьэн, абы и IэдакъэщIэкIым хуэфэщэн уасэ хувэзгъэщIын щхьэкIэщ.

Псалъалъэм къанэ щымыIэу къызэщIиубыдащ адыгэбзэм псалъэ къэхъукIэу иIэ псори, абыхэмкIэ бзэм къигъэщIа лексикэри убгъуауэ къыщыхьащ, нэгъэщIу жыпIэмэ литературэбзэм къыщагъэсэбэп псалъэ къытещIыкIахэр мыбы ибгъуэтэнущ. АдэкIэ ахэр нэхъ тыншу, гурыIуэгъуафIэу тхылъеджэм бгъэдилъхьэн папщIи дунейпсо лексикографием зэригъэпэща бгъэдыхьэкIэфIу щыIэхэр кърищэлIащ, ди бзэм ахэр епхьэлIэ зэрыхъун хуэдизкIэ, мыдэкIи а Iэмалхэр къыщемэщIэкIым зыхуримыкъур езым хилъхьэжащ. А псом щыгъуазэ ухуэзыщI «Псалъалъэм и ухуэкIэр» щIэныгъэ къэхутэныгъэ щхьэхуэм хузогъадэ, апхуэдизкIэ зэхэхауэ псалъэ лъэпкъыгъуэ къэс я псалъэ къэхъукIэ парадигмэр щызэпкърыха хъуащ. Тхылъыр япэу къэзыщтэ дэтхэнэми абдеж къыщыщIидзапхъэщ, адэкIэ псалъалъэр Iэрыхуэу къигъэсэбэпыф хъун щхьэкIэ.

Мы тхылъым, дауи, гъащIэшхуи щIэупщIэшхуи иIэнущ - аракъэ тхылъ кьыдэзыгъэкIым и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр. Псалъалъэм, ар зэхэзылъхьам хуэгъэзауэ жытIэмэ, ар хъуэпсапIэ нэхущ, сыту жыпIэмэ ди лъэпкъым, ди анэдэлъхубзэм ифI зэрехуэри, абы и пщэдейм толажьэри.

**БИЩIО Борис**,
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор,*
*КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*








# Инджылызыбзэр иригъэджми, анэдэлъхубзэр IэщIыб ищIыркъым

**Интернетыр IэмалыфIщ дуней псом къыщыхъу хъыбархэр псынщIэу зэбгрыгъэкIынымкIэ, удэзыхьэх Iуэхум теухуауэ уи щIэныгъэм хэбгъэхъуэнымкIэ. КъБКъУ-м инджылызыбзэмкIэ и егъэджакIуэ Дзасэжь Ларисэ хамэбзэр IэщIагъэ хуэхъуами, анэдэлъхубзэр IэщIыб ищIыркъым. Инстаграмым абы щиIэ Easy_adygebze напэкIуэцIым лэжьыгъэшхуэ щызэфIех, ди бзэр зэзыгъэщIэну хуейхэм я дэIэпыкъуэгъуу.**

ДЗЭЛЫКЪУЭДЭС пщащэр зэрыцIыкIурэ дахьэхат хамэ къэрал тхакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа художественнэ тхыгъэхэм. Зэджэ тхылъхэм я дунейм апхуэдизкIэ ар зыщIашати, ахэр зэратха бзэмкIэ еджэну щIэхъуэпсырт. Аращ зи анэри анэ шыпхъури егъэджакIуэ Ларисэ инджылызыбзэр IэщIагъэу къыщIыхихам щхьэусыгъуэ хуэхъуари. 2002 гъэм университетыр ехъулIэныгъэ иIэу къиухащ икIи инджылызыбзэмкIэ кафедрэм къагъэнэжауэ абы лъандэрэ щолажьэ.

Зэгуэрым Санкт-Петербург и тхылъ щапIэхэм ящыщ зым Ларисэ щилъэгъуат инджылызыбзэр зэребгъэджыну тхылъ, карточкэ телъыджэхэр. Абы щыгъуэ зэуэ игу къэкIат ныбжьыщIэхэм анэдэлъхубзэр нэхъ тыншу зэрырагъэджын Iэмал хъарзынэу ар къэбгъэсэбэп зэрыхъунур. КъэкIуэжа нэужь, куэдрэ мыгупсысэу, Ларисэ игъэхьэзыращ адыгэ алыфбейр тыншу зэрызэбгъэщIэну карточкэ щхъуэкIэплъыкIэхэр, ауэ, хущIыхьэгъуэ имыгъуэтурэ, а Iуэхур тIэкIу Iэпэдэгъэлэл хъуащ.

- Коронавирус узыфэм и зэранкIэ, унэм куэдрэ дыщIэсыну къыщытхуихуа пIалъэр къэзгъэсэбэпри, зэпыуда хъуа а лэжьыгъэм пысщэжыну мурад сщIащ, - жеIэ Ларисэ. - Иджырей сабийхэр къызэрыдэмыхьэхыгъуафIэр фIыуэ сщIэрти, Интернетым щызэхуэхьэса Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм зыхэзгъэгъуэзащ икIи псом нэхърэ нэхъ сигу кыдыхьар Wordwall сайтырщ. Абы интерактивнэ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къуэт, дерсхэр нэхъ гъэщIэгъуэну къызэбгъэпэщынымкIэ сэбэпышхуэу.

Ларисэ и Easy_adygebze Инстаграм напэкIуэцIыр щIиублар щIалэгъуалэм куэду Iэпэгъу яхуэхъуа Интернетыр къигъэсэбэпу, псори фIыуэ нобэ зыхуэшэрыуэ урысыбзэр зыдагъэIэпыкъуурэ анэдэлъхубзэмрэ инджылызыбзэмрэ зрагъэщIэнымкIэ, яджынымкIэ яхуэщхьэпэнырщ, ди бзэм и дахагъэм гу лъаригъэтэнырщ. Ларисэ и напэкIуэцIыр къызэIузыххэр Iэпкълъэпкъым щыщIэдзауэ, хадэхэкIхэм, псэущхьэхэм, хьэкIэкхъуэкIэхэм, мазэцIэхэм, гъэм и зэманхэм, нэгъуэщI куэдми хегъэгъуазэ. И дерс хьэлэмэтхэр, бзэр джынымрэ зегъэужьынымрэ къадэкIуэу, ныбжьыщIэхэм я гурыхуагъэми хэзыгъахъуэщ. Ларисэ, дауи, анэдэлъхубзэм елэжьыныр тIэкIу къыщегугъуэкIи щыIэщ. УпщIэ щIэщхъуркъым, жыхуиIэращи, апхуэдэхэм деж адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм йочэнджэщ икIи сыт щыгъуи зыкъыщIагъакъуэ.

Дыщогугъ Дзасэжь Ларисэ и лэжьыгъэр кIуэтэну, адыгэбзэр зыджыну гупыж зыщI ди лъэпкъэгъухэм къахуэсэбэпыну, анэдэлъхубзэм зригъэужьыну.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Лъэпкъ гупсысэр зи Iэпэгъу

**ЩакIуэ Мусэлий Мардас и къуэр 1946 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм хыхьэ Малэ Зеленчук (Ботэщей) къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ пэщIэдзэ еджапIэр къиуха нэужь, Черкесск дэт еджапIэ-интернатым курыт щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ.**



АЛМА-АТА дэт Къэзахъ къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетым 1965 гъэм щIэтIысхьэри, 1969 гъэм ехъулIэныгъэхэм иIэу къиухащ. Абы иужькIэ ар ди къэралым и хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм щылэжьащ - Къэзахъстаным, Сыбырым, Колыма, Чукоткэ, Врангель и хытыгум къыщыдэкI газетхэм, радиом.

Журналист лэжьыгъэм къыдэкIуэу, и щIалэгъуэм абы игъэунэхуащ IэпщэкIэ лэжьэнри - хьэлъэзехьэуи, пхъэщIэуи, бетон зэхэзыщIэуи, мывэ зэтезылъхьэуи щытащ, уеблэмэ хьэр Iэжьэм щIэзыщIэхэми яхэтащ.

1976 гъэм Мусэлий Къэрэшей-Шэрджэсым къигъэзэжри, япэщIыкIэ Хьэбэз дэт заводым, иужькIэ район радиом щыIащ.

1982 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс телерадиокомитетым лэжьэн щыщIидзэ, хъыбарыщIэхэр, сабийхэм, щIалэгъуалэм ятеухуа нэтынхэр игъэхьэзыру. ИтIанэ жылагъуэ-политикэ Iуэхухэм хухэха нэтынхэм зрепщыт. Абы зэфIэкIрэ хэлъэту иIэр къалъытэри, радиом и редактор нэхъыжь Iэнатlэр, иужькIэ редактор нэхъыщхьэ ящI.

Мусэлий и псалъэхэр шэрыуэщ, адыгэбзэр IэкIуэлъакIуэу къегъэсэбэп, зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэр кууэ зэпкърех, журналистикэм и Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ и тхыгъэхэр гукъинэж пщещI. Зэпсалъэ цIыхухэми гуапэу яхущытщ ар, я щхьэр ину ирригъэлъагъужу, игъэгушхуэу, игъэлъапIэу. Ар фIыуэ щыгъуазэщ дунейпсо литературэм, тхыдэм, псом хуэмыдэу езыр къызыхэкIа лъэпкъым и блэкIам, щэнхабзэм. Географиеми, зекIуэн Iуэхуми, спортми хуэхамэкъым.

Иужьрей илъэсхэм Мусэлий щолажьэ Къэрэшей-Шэрджэс телерадиокомпанием и адыгэ къудамэм, ар абы и унафэщIщ. И къалэн нэхъыщхьэу къелъытэ зи пашэ лэжьакIуэ гупыр игъэгушхуэнымрэ цIыхухэм гунэс ящыхьун нэтыныфIхэр ягъэхьэзырыным и жэрдэмщIакIуэу щытынымрэ.

1968 гъэ лъандэрэ Мусэлий СССР-м, Урысейм и Журналистхэм я союзхэм хэтщ, «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр 1995 гъэм къыфIащащ, абы къыкIэлъыкIуащ «Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэри.

2001 гъэм абы къыхуагъэфэщащ Къэрэшей-Шэрджэсым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр.

## Сабиигъуэ

АДЫГЭМ я хабзэтэкъым къыщалъхуа махуэр ягъэлъапIэу, ар къэрагъэкIуртэкъым. Нобэ зи илъэс 75-р зыгъэлъапIэ журналист цIэрыIуэ ЩакIуэ Мусэлий къыщалъхуа махуэр и анэм и махуэу къелъытэ.

«Хьэблэжь сыкъыщалъхуам сыдэплъэжмэ, абы щыгъуэм псэуахэмрэ иджырейхэмрэ я дунейр зызогъапщэ. Ди адэжь-анэжьхэм ятелъа хьэзабыр хьэлъэу си плIэм дэлъщ, гукъеуэмрэ губгъуэ лэжьыгъэмрэ къыдэмыхуэу я гъащIэр зэрахьар си нэгу къыщIохьэж. Зауэри, гуауэри, къэралым и псэукIэ гугъусыгъуэхэри - а псори нобэ ебгъапщэмэ... ГъащIэм зэрызыхъуэжар япэу зэрызыхэсщIэр ди нэхъыжь IумахуэхэрзэрыщымыIэжымкIэщ. Абыхэм я шыуан-лэгъуп зехьэкIэр, пщэфIэкIэр, я дуней тетыкIэ дахэр нобэрей зэманым хуэчэмщ. Сытуи псэ къабзэу дунейм тета ахэр! Ди лIыжьхэм сахоплъэжри, шыхъуэу, мэлыхъуэу, Iэхъуэу псэу защIэт. ИтIанэми, ахэр ди уэрамым щрикIуэкIэ, мывэ кIэщхъ къудей гъуэгум телъу ямыдэу, баш яIыгъымкIэ еуэрти, лъэныкъуэ ирагъэзырт.

Ди къуажэхэр къыфIэтхъэ абы щыгъуэм?! МэжджытыIм щыIа лIыжьхэм фонарь щIэгъэнахэр яIыгъыу къызэрыкIуэжыр си нэгум щIэтщ нобэ. А нэхугъэмрэ лIыжьхэмрэ зэман кIыфIыгъэм хыхьэжа си сабиигъуэм къыпхыкIым хуэдэщ.

Ди къуажэр, си сабиигъуэм зэрыщытар си нэгу къызэрыщIыхьэжыр псыхъуэ банэ сэрейуэщ, и цыпэхэр уэрамымкIэ къэгъэзауэ. Арами, апхуэдэ теплъэ зиIа къуажэми зэи къэмыхъуауэ хуабагъэ дэлът. Тхьэ сIуэнур сыхуейкъым, ауэ иджырей зэхущытыкIэм хэлъ щIыIагъэм хуэдэ си сабиипсэм зыхищIакъым а зэманым.

ТеплъэгъуитI си нэгу къыщIохьэж си сабиигъуэм щыщу. Япэ теплъэгъуэу къысхуэнар зэрыхьзэрийрщ. Уей, фоч макъыр къуажэм щхьэщыIукIыу, цIыхухъухэм фочыр ягъэауэу уэрамымкIэ дэжу си нэгу щIэтщ. ИлъэсиплIым ситт абы щыгъуэм. Ди анэ мыгъуэми жэз тасыр къипхъуатэри, баш цIыкIукIэ еуэу пщIантIэм дэжащ. Хьэблэ фызхэри хэт пэгун, хэти кIэструл яIыгъыу, абыхэм макъ ирагъэщIым езым я макъри хыхьэжауэ хьэблэм зэридэхыу си нэгу къыщIохьэж. «МацIэр къуажэбгъум щылъ гъавэм къыхыхьауэ хьэлэч ещI!» - жаIэри, зи лъэ вакъэ изылъхьэу къуажэм дэсыр зэрыдэхыу арат ар ягъэщтэну.

ЕтIуанэ теплъэгъуэри къыщыхъуар а пIалъэращ. Ди адэшхуэм къитIауэ псыкъуий куу диIэт. Мывэ къэси зырызым хуэкIуэу зэтелъхьауэ - ауэ сытми псыкъуийт ар! Мис а псыкъуийм шэдыгъэу жыг бэлыхьхэр къегъэтIысэкIауэ щхьэщытт. Си шынэхъыщIэ Мусэбий и гущэ хэлъыгъуэт. Ди анэри дэстэкъым. Си адэм и анэр КIытIэхэ япхъут, еджагъэшхуэ КIытIэ Ахьмэд и адэм и шыпхъу дыдэт. И щхьэм лъы дэуейри, и щIэлъэныкъуэр иубыдауэ нанэр пIэхэлът. Ар къыщIашри, дыгъафIэм къыхагъэтIысхьат, сэ жыгым сытест, сIыгъ пыIэ цIыкIум шэдыгъуэ къыпысчхэр ислъхьэу. Зэуэ дыгъэр иубыдри, дунейр кIыфIыбзэ къэхъуащ.

Сыгужьеяуэ согъ, жыгым сыкъехыжыфынуи сошынэ. «Уэ си сабий мыгъуэр! Уэ си сабий мыгъуэр!» - жиIэу ди нанэ и макъыр къоIу. Мо игъащIэм зи макъ зэхэзмыха ди нанэм и макъри си нэIуасэкъыми, сэри гъыныр щызгъэткъым. Ди гъунэгъу лIыжь бэлыхь, Мамбэт МыхьэмэтдЖэрий, къыдыхьэри: «Iэминат, сыт къэхъуар?», - жиIащ. «Сабий мыгъуэр кIыфIым игъэгужьеяуэ жыгым къехыжыфыркъым», - щыжриIэм, Мыхьэмэтджэрий накIуэри, жыг къудамэм сыкъыпихыжауэ щытащ».

## Нэхъыжьхэр

ДУНЕЙМ къытехьэ цIыхум лъагъуэхэш хуэхъури, щапхъэ зытрихыу къыдекIуэкIри и нэхъыжьхэрщ. Абыхэм я жьауэм зэ щIэта цIыхум щыгъупщэнукъым я нэхъыжьхэм къапкъырыкI гуапагъымрэ Iущагъымрэ. Мусэлий щызэплъэкIыжкIэ, игу нэхъ хыхьэу иIэ гукъэкIыжхэм ящыщщ и нэхъыжьхэр.

«А зэман жыжьэм сыхэплъэжмэ, лъэпкъым и купщIэу, налкъуту хэслъагъуэр ди нэхъыжьхэращ. Ахэр ауэ сытми цIыхут! Я псэлъэкIэкIи дуней тетыкIэкIи зэтету, гъащIэ Iущагъыр я Iэдэжу куэд зылъэгъуа нэхъыжьт ахэр. Нобэ сызоплъэкIыжри, сылъэIэсыжкъым: ей, бетэмал! БалигъыпIэм сиувауэ ди лIыжьхэм сащыбгъэдэсам, абыхэм жаIар щIэзмытхар сыт?! Пэжщ, нобэ я псалъэ, теплъэгъуэ куэди си гум къинащ, си нэгум щIэтщ. Ауэ абыхэм къапкърысхыфыну щытамрэ нобэ гукъэкIыжу къысхуэнамрэ ауи зэбгъапщэ хъунукъым. Мис ар си щыуагъэшхуэу къызолъытэ.

Уэз Хьисэ, ЩакIуэхэ Бэтокъуэ, Хьэжбатыр, Машэ, Лу, Къаплъэн, Билал, Братхэ Машэджэху, Къаплъэн, Хьэмзэт сымэ - мыр япэу си нэгу къыщIыхьэжа къудейхэращ. Апхуэдэ лIыжь бэлыхь дапщэ дэса ди къуажэм! Абыхэм ящыщт си адэшхуэри. И гъащIэр колхоз тхьэмадэу, пашэу ирихьэкIащ. Езыр 1896 гъэрат къыщалъхуар, 1938 гъэм «троцкист» дзыр къыфIащри яукIащ. Ауэ и фэеплъ, цIыхугъэ нэхур си дежи къэсащ. НыбжьэгъуфIу иIа, къыдэлэжьа, губгъуэм къыдита Брат Умар къызжиIэжауэ щытащ: япэрей гъавэр губгъуэм кърахыжу хьэмым къызэрытрахьэу, гуэдзми, нартыхуми, нэгъуэщIми, къэп зырыз, щэху-нахуэми, къуажэм фызабэу дэсым язэригъашэрт. Апхуэдэ гулъытэ зыщIыфынрэ а гулъытэм хуэныкъуэрэ ди зэманми щыIэщ, ауэ япэхэм етIуанэхэр зэрамылъагъум сигу хегъэщI, ди нэхъыжьыфIхэм къытхуагъэфэщэнкъым ар, жысIэу».

## Лъэпкъыбзэ

ИЛЪЭС куэд щIауэ анэдэлъхубзэм ирилажьэ ЩакIуэ Мусэлий, ар хъумэным, щыIэным, щIэблэм яIурылъыным и Iыхьэ хъарзыни хилъхьащ. И IэщIагъэм щигъэнэхъыщхьэри ар зэрылажьэ анэдэлъхубзэращ.

«Уи лъэпкъыбзэм нэхърэ нэхъ узыгъэлъэпIэнрэ узыгъэлъагэнрэ щыIэу къэслъытэркъым. Ди хэгъэгум щыпсэу лъэпкъхэм уахэплъэмэ, адыгэхэм нэхърэ зи бзэм пщIэ нэхъ хуэзымыщIыж, фэ езымыплъыж яхэту къыщIэкIынкъым. Къэрэшеи, абази, нэгъуеи, зэрыжаIэу, ар къуажэдэс е къалэдэс ирехъу, я быныр я лъэпкъыбзэкIэ ягъэпсалъэу, утыкум ихьэмэ, я бзэмкIэ «иракъутыхьу» долъагъу. Пэжщ, адыгэхэми къахокI зыгуэр зыщIэ, зи гур лъэпкъыбзэм хуэгузавэ, ауэ и нэхъыбэм мы Iуэхум хуаIэ бгъэдыхьэкIэр укъегъэуIэбжь.

Сэ куэдрэ жысIащ: бзэм бгъэдыхьэкIэ къыхуэдгъуэтынымкIэ щапхъэ тхуэхъупхъэу къэслъытэр Израилым щыпсэу адыгэхэрщ. Абыхэм я сабийхэр анэдэлъхубзэм зэрыхурагъаджэр, ар зэрыIуралъхьэр щапхъэ ирокъу.

Сигу къокIыж усакIуэ, егъэджакIуэ Бемырзэ Мухьэдин адыгэбзэмкIэ 1 - 4-нэ классхэр зэреджэну Iэмалхэр къызэригъэпэщауэ зэрыщытар. А зэманым Мухьэдин а гупсысэр щIиукъуэдиям, ерыщу иужь щIитам, ауэ зэрызэхамыхам нобэ щIэрыщIэу дегупсысыжыпхъэщ.

Мис а гъуэгуращ Израилым щыпсэу адыгэхэр зытетыр. Рихьэниерэ Кфар-Камэрэ къуажитIым я еджапIэм анэдэлъхубзэ зыIурымылъ сабий къащтэнукъым. Зи анэдэлъхубзэр лъабжьэ зыхуэхъуа сабийхэм журтыбзэри, инджылызыбзэри, хьэрыпыбзэри тыншу къапхъуатэ. Ар ди дежкIэ щапхъэу къызолъытэ. Абыхэм елъытауэ, ди Iуэху зехьэкIэр узыфIэмыкIыжыну тхьэмыщкIагъэщ. Лъэпкъыбзэм и жьауэм щIэкIам, абы елъэпэуэжам и дунейри зэрымыузыншэжым сэ шэч къытесхьэркъым.

Хуабжьу сызыгъэгужьейр анэдэлъхубзэ зыIурылъу сабий гъэсапIэм кIуэ ныбжьыщIэм мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу ар зэраIэщIэхурщ. КъалэдэС адэ-анэ гуэрхэри хьийм икIарэ, я лъэпкъыбзэм хуэмеижу, я быным ар ирагъэджын ямыдэу, уеблэмэ абыкIэ лъэIу тхылъ еджапIэхэм щIалъхьэу - хэплъэгъуэщ дызэрыт зэманыр. Абыхэм къагурымыIуэр зыщ: уи лъэпкъыбзэм щIэныгъэм хегъахъуэ, армыхъумэ хигъэщIыркъым.

Лъэпкъ мащIэхэм я анэдэлъхубзэмрэ щэнхабзэмрэ пщIэ хэха хуищIыну къэралым и пщэ илъщ. Нэхъыщхьэжыр аращи, адыгэм къытхэкIауэ къулыкъу зэхуэмыдэхэр зыIыгъхэм лъэпкъыбзэм и мыхьэнэр къагурыIуэу, абы ирипсэлъэну зрамыусыгъуэджэмэщ зыгуэрым дыщыгугъ зыщыхъунур.

Си щхьэкIэ, адыгэбзэр пасэу си гъащIэм къыхыхьащ, си унагъуэм къикIыу. Ди адэм адыгэбзэкIэ иригъаджэрти, лъэпкъыбзэкIэ къыдэкIа тхылъ къытхуимыхьауэ къэкIуэжыртэкъым. Уи бзэр зыщIэпшэнур, уи бзэкIэ дунейр къэплъагъунур куэд и уасэщ.

Ди адыгэбзэр лъэрыхьщ икIи телъыджэщ, къызэрымыкIуэу ныбжь ин зиIэщ. Абы хуэгъэзауэ ГъукIэмыхъу Iэубэчыр, КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур, Нало Ахьмэтхъан, къэхутакIуэу диIэ ХьэдэгъэлI Аскэр сымэ жаIа-ятхахэр гъунэ зимыIэу IуэрыIуатэм лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэ къыхэнэну защIэщ.

Ди лъэпкъыбзэм си гупсысэр зэриунэтIымрэ зэригъэкъабзэмрэ къэсщтэнщи, абы нэхъ телъыджэ дунейм тету схужыIэнукъым. Арагъэнщ сэ газетми, радиоми, телевиденэми сыщылэжьэну Тхьэшхуэм гъуэгу къыщIызитар».

## Журналистикэ

ЛЪЭПКЪ журналистикэм хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ Мусэлий. Абы и блэкIами фIыуэ щыгъуазэщ, нобэ зэрыт щытыкIэми хещIыкI, дяпэкIэ зыхуэкIуэнум теухуауэ жиIэри гъэщIэгъуэнщ.

«Псалъэм нэхърэ нэхъ лъэщ цIыхум и акъылым къигъэщIауэ къыщIэкIынкъым. Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор цIэрыIуэ Бэчыжь Лейла утыкум къыщихьэкIэ «Псалъэр...» жиIэу къызэрыщIидзэм куэдым сригъэгупсысырт. Лейла жиIэн имыгъэту аратэкъым абыкIэ сыт щыгъуи къыщIригъажьэр. АтIэ, псалъэм и мыхьэнэм, и купщIэм, «псэм илъу» зэрыщытым гу лъыдигъэтэну арат. Сэ си щхьэкIэ абы къигъэуш гупсысэм сришажьэрти, ди тхыдэмрэ анэдэлъхубзэмрэ я гъуэгуанэ хьэлъэм сытришэжырт.

Адыгэ журналистикэм и тхыдэм дыхэплъэжмэ, ар кIэщIу жытIи хъунукъым. ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм къыщегъэжьауэ ди лъэпкъым узэщIакIуэу, еджагъэшхуэу, публицист псалъэкIэ утыкум ихьэу диIа цIыхушхуэхэм къадежьащ адыгэ журналистикэм и тхыдэри. Апхуэдэщ журналистикэм и IуэхукIэ псом япэ изгъэщ КIашэ АдэлджэрийМ (Къалэмбий), итIанэ Тамбий Пагуэ, Къазджэрий, Хъанджэрий, Бырсей Умар сымэ. Абыхэм я фIыщIэщ журналистикэм и япэ лъагъуэхэр.

Пэжщ, журналистикэм «еплIанэ власть» хужаIэу къокIуэкI, ауэ апхуэдэ пщIэ лъагъэсыркъым. Апхуэдэ зэхущытыкIэм зихъуэжу, журналистым и псалъэм къулыкъущIэхэр нэхъ щIэдэIуу щытамэ, фIы къыдэкIуэнут, ныкъусаныгъэхэр нэхъ мащIэнут. ГурыIуэгъуэщ лъэпкъ журналистикэмрэ лъэпкъыбзэмрэ зэрызэпхар. Журналистхэр, псом хуэмыдэу телевиденэм щылажьэхэр, наIуэ дыдэу дыщыгъуазэщ адыгэбзэр зыхэзуа тхьэмыщкIагъэм. Ди лъэпкъэгъу къулыкъущIэхэм депсэлъэн хуей щыхъукIэ, я гупсысэр я анэдэлъхубзэмкIэ къахуэIуатэркъым. И хэку исыжу псэу адыгэм къекIурэ ар?

Гу зэрылъыстащи, ди бзылъхугъэхэм я бзэр нэхъ къабзэу къызэтенащ, ди цIыхухъухэм я псэлъэкIэм елъытауэ. Ди бзэр тIэщIэхумэ, лъэпкъыр дыхэкIуэдэжауэ аращ. Лъэпкъыбзэр и лъэ теувэжыным си гугъэр хэсхыну сыхуейкъым. А гугъэр сIэщIэкIмэ, дунейм сыщIытет щхьэусыгъуэри сIэщIэкIыну къысщохъу. Нобэ лъэпкъым къеуэлIа узым дыпэщIэмыувэмэ, ди гугъэри кIуэсэнущ. Лъэпкъыбзэ щымыIэу, лъэпкъ журналистикэми ущIытепсэлъыхьын щыIэжкъым».

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

Адыгэ Хабзэм щыщщ • Щэнхабзэ

# Хьэдрыхи, дунеягъэм хуэдэу, хабзэ щыIэщ

**Илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Къэбэрдей Хьэжрэтым IуэрыIуатэщыпэ дыкIуауэ дыздэщыIэм, ди насып кърихьэкIри, адыгэ IуэрыIуатэхутэ цIэрыIуэ, уэрэдыжьхэм я гъэзэщIакIуэ Iэзэ, УФ-м ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм жыджэру хэта Шэрджэс Алий дыбгъэдэсыну къытхуихуащ. Лъэпкъ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъым и уэршэрыр Iэфl къытщыхъугъат. ЛIыхъужь хъыбарыр къиIуэтэжу здэщысым, псалъэм хэту зы жыIэгъуэ къыхигъэхуащ: хьэдагъэ удж ирамыщIэкIмэ, сыту цIыхушхуэ щыпэкIурэ мыбы, жиIэри. Хьэлэмэт тщыхъуа псалъэм къикIым дыщыщIэупщIэм, ар зи нэгу щIэкIахэм ящыщу нобэ дунейм тету сцIыхур Алъэсчырей (Жьакуэ) щыщ Мамхэгъ Пагуэщи, абы деж фыкIуэмэ, игъащIэкIэ фщымыгъупщэн хъыбар фригъэдэIуэнщ, жиIат.**



ШЭРДЖЭС Алий тхьэмыщкIэм жиIэм кърикIуэнкIэ хъунур фIыуэ ищIэрти, пыгуфIыкIыурэ махуэр и кIэм ныдигъэгъэсащ, IуэрыIуатэ хъугъуэфIыгъуэу зыщыгъуазэмкIэ къыддэгуашэу. Нэху дыкъекIри, ди фIэбэр мащIэу дыкIуащ зи цIэр къраIуа Мамхэгъ Пагуэ деж. Нанэр къытщыгуфIыкIри, гуапэу дригъэблэгъащ, зэрыжаIауи, хьэлэмэту къыщIэкIащ. Езыр пшынауэти, япэщIыкIэ и пшыналъэхэр къытхуригъэкIащ, итIанэ къуажэ хъыбархэм хыхьащ, абы къыхэкIри, нысашэ дауэдапщэхэм хуэкIуащ. Нэхъыбэу сызытекIухьа хьэдагъэ уджым теухуауэ сыщыщIэупщIэ хъунур зэзгъэзахуэурэ, джэгур нэхущ уджкIэ зэраухым и гугъур шэщIауэ къытхуиIуатэри, зытIэкIукIэ зэпыуащ. Абы ирезгъэхьэлIэри, нанэм сеупщIыгъат хьэдагъэ уджкIэ зэджэм.

Абдежым нанэм пшынэр зригъэтIылъэкIри, тIэкIуи нэщхъей къэхъуащ, ауэ жиIэнум егупсысыжа, нэщхъыфIэ зэуэ къэхъужри: «АтIэ, хьэкъщ, хьэдрыхи хабзэ щыIэщ», - жиIащ. КIыхьлIыхь зимыщIыуи и хъыбарыр къызыкъуихащ. Дэри, зэрыхъукIэ, абы дыхэмыIэбэу мыбдеж къыщызэкIэлъыдохьыж.

... Уз хьэлъэ къеуалIэри, щIалэр куэд дэмыкIыу дунейм ехыжащ. Унагъуэ зимыIэ, зи насып къэкIуэгъуэм и лIэныгъэр цIыху цIыкIум гущIыхьэ зэращыхъуар пщIэну, жылэм зи лъэ вакъэ изылъхьэ къыдэнакъым жыпIэну хьэдэщIэлъхьэм къекIуэлIат. Дунейми зыкъыдищIу пIэрэ жыпIэну нэуэсми зи щIичэртэкъым... ЗыIэзыбжьэм хэту жэнэзыр дэкIри, цIыхур зэхэкIыжащ, лIар зейм я кIуэцIыкIыщIэкIэ ягъэву я щхьэ закъуэу къэнэжащ...

Щыгъыныр ирахыжри махуитI фIэкIа дэмыкIыу адэм щIилъхьа и щIалэр пщIыхьэпIэу елъагъу:

- Си адэ, емыкIу сыкъыумыщI, Iуэху къыслъыкъуэкIащи, уэр фIэкIа зэсхьэлIэн сиIэкъым. Мыпхуэдэ махуэм мыпхуэдэ къуажэм щыщ мыпхуэдэ хъыджэбзыр нысашэу къысхуашэри, ипэ къихуэу уасэм и Iуэхур гъэзакIуэ! - жиIэ хуэдэу.

Нэху къекIри, лIыр пщIыхьэпIэ илъэгъуам емыгупсысыщэу, щIагъуэуи уэим имыщIэу махуэр блигъэкIащ. КъыкIэлъыкIуэ жэщми лIым а пщIыхьэпIэ дыдэр аргуэру и нэгу щIэкIащ. Иджы нэхъ гузавэ къищтауэ, зыхуихьынур имыщIэу, ауэ апхуэдэ IуэхукIэ дауэ сызэрежьэнур жиIэу и щхьэ тримылъхьэу махуэ гуэрри кIуащ. Ещанэ жэщым лIым пщIыхьэпIэу елъагъу:

- Ди адэ, гузавэ сиIэщ, щхьэ уемыпIэщIэкIрэ си Iуэхум? Мы къуажэм щыщ хъыджэбзыр пщIантIэм къыдашэным махуэ бжыгъэщ иIэжыр, - жиIэу.

КъыкIэлъыкIуэ махуэми зыхуэIэтакъым лIым, и нэпсыкIэр щэхуу щIиутхыкIыу, мы щIалэ мыгъуэр мыпхуэдэ пщIыхьэпIэкIэ щIэслъагъур сыт, жиIэурэ нэщхъейуэ махуэ ирихащ. КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым лIым зэ-тIэу нэхъ имылъэгъуа къуажэ фыз гуэр жьыуэ къэджащ. Унэгуащэр щIэкIри, цIыхубз къэкIуар унэм иригъэблэгъащ, арщхьэкIэ къэджа цIыхубзым идакъым:

- Рэмэзан къысхущIэгъэкI, - жиIэри...

Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ, жаIэ, лIым и гур Iэджэм хэтурэ унэм къыщIэкIри, фIэхъус-сэлам иримых щIыкIэ фызыр гиеу иригъэжьащ:

- Сыт хьэдэгъуэдахэ, сыт бэлыхьлажьэ щIалэ тхьэмыщкIэр зыхэбгъэтыр, лIы? Жэщищ лъандэрэ къыщIолъэIум зыгуэр щхьэ умыгъэкIуатэрэ? Мыпхуэдэ къуажэм щыщ мыпхуэдэ лъэпкъым я пхъур пщэдей дэкIмэ нысашэу хуашэнущ уи щIалэми, зыщIэлъэIу уасэ тIэкIур жыхуиIэ лъэпкъым Iэрыгъэхьэ.

ЛIыр къэгумэщIарэ, и псалъэр тэрэзу хузэпымыщэу ерагъкIэ зэкIэлъигъэкIуащ:

- Дауэ, зиунагъуэрэ, - жиIащ лIы гужьеям, - емыкIур-щэ, сыт жысIэу сазэрыхыхьэнур?

- УзэхащIыкIынщ, Тхьэм уригъэхутылIэнщи, жыпIэни къэбгъуэтынщ, ежьэ, умыгъэгуIэ щIалэр, - жиIэри абы нэхъ къыфIимыгъэкIыу цIыхубзыр IукIыжащ.

Сыт ищIэнт, цIыхубзыр зытекIухьа пщIыхьэпIэр фызым щыжриIэжым, хьэдагъэм, ар куэдрэ-тIэ, щIэрыщIэу зыкъиIэтыжащ. Лъэпкъымрэ гъунэгъумрэ псынщIэу къызэхуэсщ аби, унафэ ящIащ икIэщIыпIэкIэ уасэIых выгъашхэмрэ ахъшэтелъхьэмрэ зэхуахьэсу ежьэну. ЛIитху-хы хъун гъуэгу къытеувэри, щIалэм пщIыхьэпIэкIэ зи гугъу ищIа къуажэм къекIуэлIащ, щIэупщIэри унагъуэри къагъуэтащ.

КъыщекIуалIэм цIыхушхуэ щызэхэтти, къэхъуар сыт жаIэу уэрамым тет лIыхэм щабгъэдыхьэм, мы унагъуэм я хъыджэбзыр щыIэжкъым, нобэ щIалъхьэу зэхэту аращ, къыжраIащ. Цыуэ ятетым зыщрисар итIанэщ лIы гуп къежьам. Арати, нэкIуэпакIуэу жэназы пщIантIэм дыхьащ, арщхьэкIэ жаIэнIауэ хунэмыс щIыкIэ хьэдэр къыщIахри, пщIантэкум кърalъхьащ. Дыуэ тращIауэ, ефэндым деур псалъэр къыхимыдзэ щIыкIэ, лIыр утыку къиуващ, псалъэ къызэфт, жиIэри...

Iущащэ макъыр къызэщIэрыуэри, мо лIы мыцIыхум псори къеплъахэщ, арщхьэкIэ зы лIыжь жьакIэху и башыпэр иIэтри, ямыгъэпсалъэлI яукIыркъым, фызэщIэбэяуэт, жиIэм девгъэдаIуэ, жиIащ.

- Си щIалэ зэрызгъэтIылъыжрэ махуэ бжыгъэ фIэкIа хъуакъым, жэмыхьэт, - ар жиIэри зэуэ къэгумэщIат лIыр, арщхьэкIэ пищащ. - Пщыхьэщхьэ зэкIэлъыкIуэкIэ пщIыхьэпIэу слъэгъуащ мыпхуэдэ къуажэм дэс мыпхуэдэ лъэпкъым щыщ хъыджэбз къызошэри, уасэр схуIэрыгъэхьэ, жиIэурэ сызэрихуэу. КъысфIэмыIуэхуурэ екIуэкIащ, ауэ ар дыдэр ди къуажэ цIыхубз гуэрым си къуэм зригъэлъагъуу жриIэхункIэ. ЦIыхубзыр си деж къакIуэри къызэгиящ, абы и гиеми сыкъришэжьащ. Иджы сыкъежьащи, си нитIкIэ солъагъу щIалэм зи гугъу ищIа нысашэр зыхуэдэри, ягъэ кIынкъым, емыкIу сыкъэвмыщI, сэри сыкъыщIежьар си кIэтIий кIапэщ, мы тхьэмыщкIэ ди пащхьэ къилъри апхуэдэ къабзэу фыфейщ. Здежьар щывжесIакIэ, уасэтелъхьэу мы выгъашхэр сIыфхи, си быным игу сывгъэгъэтIысыж!

Дауэ уедэIуэфынт а псалъэм, хьэдагъэшхуэм зыкъызэщIищIащ. ЛIыжь гуэрым зэ фыбэяу жиIэщ, жэназым хыхьэжри, псалъэ кIэщI дыдэкIэ унафэ къахьри къэувыжащ.

- Уэ ди благъэ, уи благъагъэр тфIэIэфIыпсу къыдощтэ, къеувалIэ!

Ар щыжиIэм лIыр лъэIуащ:

- КхъыIэ, емыкIу сыкъэвмыщI, дунеягъэкIэ зи насып сымылъэгъуа си ахърэт нысэм и нэгу зэ сивгъаплъэ.

Хьэдэ напэ зрагъэплъам зы нур кърихырти, цIыху цIыкIур даущыншэ ищIат...

Асыхьэтым зи нэпсыкIэ зыхуэмыубыдыж лIыжьыр къэгуоуащ:

- Хъунукъым, Исхьэкъ, къакIуэ Хьэжбатыр, ХьэкIашэ, Мухьэб. Хьисэ уэ къыхэдзэ жиIэри..

Мо лIыжь жьакIэху дахэ къомыр хьэдэм и хъуреягъкIэ къеувэкIри, зылъэгъуам игъащIэкIэ игу имыхужыну къеуджэкIахэщ.

- Хьэдагъэ уджщ, гущэ, хэт илъагъужынт мыпхуэдэ, - жаIэурэ зи ныбжь хэкIуэта цIыхубзхэри уджым хэуващ....

Хьэдрыхэ хабзэ зэрыщыIэм зи шэч къытесхьэркъым, ауэ адыгэм хабзэ тхэмылъауэ мы теплъэгъуэ гъэщIэгъуэным нэджысыфам фщыщу абы иужькIэ хэт жиIэжыфын? Хьэдагъэ удж, фегупсыс аркъудейм...

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*

# Сабийхэм зыщаужьыну щIыпIэ

**Налшык иджыблагъэ къыщызэIуахащ «Этика» зыфIаща сабий зегъэужьыпIэ. КъызэгъэпэщакIуэхэм тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу къалъытэ щIалэ цIыкIум - лIы хьэл, хъыджэбз цIыкIухэм - бзылъхугъэ хьэл хапщэныр.**

ЦЕНТРЫР къызэIузыха Темукуевэ ФатIимэ Iуэхум тезыгъэгушхуар психологие и лъэныкъуэкIэ ди республикэм IэщIагъэлI нэхъ лъэрызехьэу къыщалъытэхэм ящыщ Апажэ Валерийщ. IуэхущIапIэм щаубзыхуа программэр зэкIуэлIэжыр абы иубзыхуа гъэсэныгъэ Iэмалхэрщ.

«Иджырей сабийхэм егъэлеяуэ псынщIэу заужь, - жиIащ Апажэ Валерий, зи гугъу тщIы IуэхущIапIэр къыщызэIуахым. - Абыхэм я щхьэ куцIым и лъэныкъуитIри мэлажьэ. Дэ дыдейхэм е ижьыр е сэмэгур нэхъ щIэгъэхуэбжьамэ, абыхэм тIури зэдагъэлажьэ. Иджыри зы гъэщIэгъуэн - иджырей сабийхэм я щхьэ куцIым зэхах-ялъагъум щыщу зыхуейри зыхуэмейри, проценти 100-м нэс зыщIешэ, ауэ щыхъукIэ акъылым абы щыщу зэригъэзахуэр процент 50-м нэсщ. Адрейр зэрыщыту «гупсысэ пхъэнкIий» жыхуаIэм ещхьу къонэ. Абы иджырей Iэмэпсымэхэм къыздахь зэранығъэр хыупщэжмэ, хуэм-хуэмурэ хъумрэ бзымрэ я зэхуаку дэлъын хуей гъунапкъэр мэкIуэд. Дэ ди мурадщ ныбжьыщIэхэм я хьэл-щэныр зэтрагъэувэнымкIэ дадэIэпыкъуну. ЩIалэхэм хъулъхугъэм хуэфэщэн гупсысэкIэрэ цIыху хэтыкIэрэ яIэу, пщащэхэми бзылъхугъэм хэлъыпхъэр зыхалъхьэфу».

«Ди IуэхущIапIэм «Этика» зэрыфIэтщам къыбгуригъаIуэ хуэдэу щытщ ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я гъащIэм щыщ Iыхьэ хъуа хабзэхэр псом нэхърэ нэхъапэу къызэрытлъытэр, - дыкъыщоджэ IуэхущIапIэм зыкъыщигъэлъагъуэ инстаграм напэкIуэцIым. - «Нэмысымрэ хабзэмрэ» дерсхэм («Этика и этикет») ныбжьыщIэхэр щрагъэсэнущ екIумрэ емыкIумрэ къагурыIуэу, дэтхэнэ цIыхуми пщIэ хуэпщIу убгъэдэтын зэрыхуейри щIыхуейри. Дэ мыхьэнэшхуэ еттынущ ди еджакIуэхэм езыхэр щыпсэу щIыналъэр фIыуэ ялъагъуным, абы и тхыдэр яджыным, унагъуэм, лъэпкъ гъащIэм хуэпэж хэкупсэу, фIэщхъуныгъэм гулъытэ хуащIу къыдэкIуэтеиным. «Этикэмрэ этикетымрэ» хуригъэджэнущ Джаурджий Динэ».

«Бзэ клуб» зыфIаща къудамэм бзиплI щрагъэджынущ: инджылызыбзэ, адыгэбзэ, балъкъэрыбзэ, хьэрыпыбзэ.

IуэхущIапIэм щIэщыгъуагъ къезытхэм язщ диныр IэщIыб зэрамыщIыр. ХьэрыпыбзэмкIэ егъэджакIуэ Кульбаевэ ФатIимэ гукъыдэж зиIэр Суэйд Аймэн и егъэджэкIэ IэмалымкIэ пщIэншэу тэджуидым (КъурIэн къеджэкIэм) иригъэсэнущ.

«Этика» IуэхущIапIэр езым ещхь куэдым къахегъэщ лъэпкъыбзэхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIынум. Егъэджакlуэхэм ябгъурыту мы центрым щолажьэ театрым и артистхэр. Абыхэм я гъусэу сабийхэр тхылъ еджэнущ, спектакль цIыкIухэр ягъэувынущ, гъэхуауэ къеджэкIэ зрагъэщIэнущ. А къалэныр я пщэ далъхьэж артистхэу КIэхумахуэ ФатIимэрэ КIуэкIуэ Имранрэ. КъинэмыщIауэ, психолог IэщIагъэми хуеджа Имран щIалэ цIыкIухэм цIыху хэтыкIэ щрагъэщIэну къудамэм щолажьэ.

Шахмат джэгукIэм ди гупсысэкIэм зригъэужьу къызэралъытэм щхьэкIэ, апхуэдэ къудами хагъэхьащ «Этика»-м. А псом къадэкIуэу, зэманым и нэщэнэ хъуа «сабийм зы сыхьэткIэ тхубгъэдэс» Iэмалри мэлажьэ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**




# Къалэдэсхэм я бжыгъэр

КЪЭРАЛХЭМ я цІыхуу къалэхэм щыпсэур: Ватиканым, Монакэм, Наурум, Сингапурым цІыхуу щыпсэум я проценти 100-р къалэдэсщ, Бельгием - процент 97-р, Андоррэм - 95-р, Исландием, Катарым - 92-р, Бахрейным, Израилым, Уругвайм - 91-р. Зи цІыхухэм я процент 80-м щІигъур къалэхэм щыпсэу къэралхэр блы мэхъу. Къалэдэсхэр щынэхъ мащІэ дыдэр Бутанырщ - проценти 7 къудейщ, Руандэмрэ Бурундиемрэ - 8-щ, Непалым - 11-щ, Угандэм - 13-щ. Къалэдэсхэр щохъу: США-м - процент 76,2-рэ, Урысей Федерацэм - 73,1-рэ. УФ-м и республикэхэу Адыгейм - 53-рэ, Дагъыстэным - 41,5-рэ, Ингушым - 32,4-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым - 60,1-рэ, Къалмыкъым - 39,7-рэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием - 68,9-рэ, Шэшэным - 33,6-рэ.



# Къазыл, бабыщыл щІымахуэ шхыну зэрагъэхьэзырыр

МЫ ЕРЫСКЪЫР бжьыхьэм ящІырти, гъатхэр къихьэху яшхыу щытащ. Къаз е бабыщ гъэкъэбзар Іыхьэ цІыкІуурэ, г 50 - 60 и хьэлъагъыурэ, зэпауд, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, шынакъым иралъхьэри, шыгъу хагъэщащэ, зэІащІэри, а шыгъур хыхьэн щхьэкІэ, и щхьэр тепІауэ сыхьэткІэ щІыІапІэм щагъэув. ИтІанэ лы шыуар шыбзэм иралъхьэри ягъэжэпхъ. Былымыщэ гъэвжа шыуаным иралъхьэ, хьэкум трагъэувэри къагъэплъ, абы лы шыуар халъхьэри, зэІащІэурэ ныкъуэжьэфІ хъуху трагъэт. КъыкІэлъыкІуэу шыбжий сыр хьэжар хакІутэри, зэІащІэурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Лы жьар къытрахыж, тІэкІу ягъэупщІыІури, кхъуэщын лъэщІабгъуэм иралъхьэ, зэрагъэжьа дагъэри щІакІэж. Лыр дагъэм щІигъанэу щытын хуейщ. И щхьэр тепІауэ ар щІыІапІэм щагъэув. Щыхуейм деж зыхуейм хуэдиз къыхахри, шыуанкІэ е тебэкІэ ягъэхуэбэж. ЩагъэхуэбэжкІэ бжьын е кІэртІоф щІалъхьэу ягъэжьэж хъунущ.



*Халъхьэхэр* (*цІыхуитху Іыхьэ*):

къазылу е бабыщылу - г 1000, былымыщэ гъэвжауэ - г 500, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхынигъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

# ЗэІусэм псэ хелъхьэ

**Акъылыр щагуэшым дурэшым дэсащ.**
Зи акъылыр жыжьэ нэмыс цІыхум ехьэлІауэ къапсэлъ.

**Гур зэрыгъум дыгъур кърокІуэ.**
Гум къэхъунур ещІэ жыхуаІэращ. Гур зэрыгъуа гуэр къэхъуа нэужь, жаІэ хабзэщ.

**ДаІуэ шхиипэ тоувэ.**
Чэнджэщ зылъытэр къызэрымыкІыфын щытыкІэ щыІэкъым.

**ЗэІусэм псэ хелъхьэ.**
ЗэІусэр мэхъу жыхуиІэщ. Іуэжь дахэ зиІэ цІыху ІэпщІэлъапщІэм хужаІэ.

**Мэзыр жыг зырызурэ зэхэтщ.**
Зэкъуэтыныгъэр къарууншхуэу зэрыщытым теухуащ.

**Сыхэмыхьэмэ ситхьэлэн.**
Іуэхугъуэ гуэрым, нэхъыбэу - шынагъуэм, дзыхьщІыгъуэджэм, хэпщІэну, и Іуэху хилъхьэну зэрыхуэмейр зыгъэнаІуэ цІыхум жеІэ (е апхуэдэ цІыхум теухуауэ къапсэлъ).



# Псы уардэунэ

ИНДОНЕЗИЕМ хыхьэ Бали хытІыгум щыпІэ телъыджэ иІэщ. ХытІыгум и къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ бгы лъабжьэм псы къабзэ къыщыщІож. Абы щыпсэухэм пщІэшхуэ хуащІ щІым и куупІэм къыщІэж псым икІи арауэ къалъытэ гъащІэщІэм къежьапІэ хухэур. Абы къыхэкІыу, а щІыпІэм дин хабзэ зэмылІэужьыгъуэхэр щрагъэкІуэкІ, тхьэлъэІупІэу яІэщ.

И хъуреягъым и дахагъымрэ хьэуа къабзэмрэ дихьэхри, Раджа Карангасему къалэщІыб унэ щиухуэну мурад ищІыгъащ абдеж. Ар зэфІэкІауэ щытащ 1942 гъэм. ИкІи а резиденцэм Тиртагангэ фІащащ («Тирта» - псы, «Гангэ» - Индием щежэх Ганг псырщ).

Зи гугъу тщІы щІыпІэ телъыджэм гектар 1,2-рэ еубыд.

Псы уардэунэр архитектурэ и лъэныкъуэкІэ щІыпІищу зэпычащ, зыр зым и щхьэм тету, скульптурэ пщІы бжыгъэхэр итщ. Япэ комплексым гуэлищ ущрохьэлІэ, етІуанэм ущес хъу псыгуэн зыбжанэ итщ, ещанэр резиденцэр зейуэ щыта Раджа и хэщІапІэу къалъытэращ, ар тхьэм хиха щІыпІэу ябжри, абы къыщыщІэж псыхэр дин дауэдапщэхэм къыщагъэсэбэп.

Зи гугъу тщІы Псы уардэунэм китай, бали лъэпкъхэм я хабзэм тету щІа архитектурэ ухуэныгъэхэм ущрохьэлІэ. Телъыджэщ ахэр зэпуплъыхьыну, псыщхьэм тет мывэ щІимыгъэмбрууэхэм утету къэпкІухьыну...

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# Къуэр напщІэщ, пхъур набдзэщ

●**Ныбжьэгъур бгъэунэхунумэ, хуитыныгъэ ет.**
●**Сабий зэрымысым насып илъкъым.**
●**Уи бынрэ уи благъэрэ умыбж.**
●**Уи гъунэгъу и фэ къыптоуэ.**
●**Унэр игущ, жьэгур и псэщ.**
●**Фызыфl зиІэм хъуэхъу и унэ илъщ.**
●**Хэгъэрей бзаджэ дэкІуатэ кІыхьщ.**
●**Шыпхъум и гур дэлъхумкІэ гъэзащ.**
●**Къуэр напщІэщ, пхъур набдзэщ.**
●**Адыгэр вакъэ лъэныкъуэу шхэркъым, шхэурэ уэрэд жиІэркъым.**
●**Аргъуей мыдзакъэ щыІэкъым.**

# Псалъэзэблэдз



*ЕкІуэкІыу:* **2.** Адыгэр къызытепщІыкІахэм ящыщ пасэрей лъэпкъ. **6.** Иужьрей нэмэз щІыгъуэ. **7.** Адыгэш къабзэ. **8.** Іэпслъэпс. **9.** Район, псыежэх, къалэ. **11.** Сабий быдзафэ. **13.** МыІэрысэ ... **16.** Аруан районым щыщ къуажэ. **17.** Псы Іуфэ мывалъэ-пшахъуалъэ. **18.** МахуэцІэ. **20.** ЩІы щхьэфэ тещтыкІа. **22.** Фо ... **23.** Дыдзэ лъэпкъым щыщ хьэкІэкхъуэкІэ цІыкІу.

*Къехыу:* **1.** ... и кІэр хьэдагъэщ. **2.** Пхъэщхьэмыщхьэ гуащІэ цІыкІу. **3.** Унэгуащэр и гъунэгъум хуотхьэусыхэ: «Нысэ къызэрысшэрэ зы махуэ ... жызигъэІакъым». **4.** ФІы дыдэу еджэм ар хуагъэув. **5.** ... хиса жыгыр мэгъу. **10.** ЩэкІ пхъашэ Іув. **11.** ЦІыхубзхэм я нэхъыбапІэм а дыщэхэкІыр зэрахьэ. **12.** Уэшх къешхам и лъэужь псы ина. **14.** 19-нэ лІэщІыгъуэм псэуа адыгэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ. Абы и цІэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **15.** ... цІыкІуэхэр школ пщІантІэм щызэрызохьэ. **19.** Америкэм и президенту щыта зэадэзэкъуэ. **21.** Адыгэ театрым и джэгуакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист ... Рэмэзан. **22.** ... лъакъуэрэ джэд лъакъуэрэ пхуэубыдрэ?

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

***ЩэкІуэгъуэм и 13-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

*ЕкІуэкІыу:* **1.** Пхъэхь. **5.** Къанж. **7.** Номин. **8.** КІарц. **9.** Журт. **10.** Бгъэ. **15.** Мыщэ. **16.** Нащэ. **17.** Бжьыгуэ. **18.** Бжьиз. **19.** Тхьэв.

*Къехыу:* **2.** Хъыдан. **3.** Хьэнцэ. **4.** Шэмэджгъэдыргъ. **5.** Къанжэ. **6.** Нэкурэ. **11.** ТІымыжь. **12.** Хьэбзэ. **13.** УнэІут. **14.** Хущанэ.

# Адыгэ бзылъхугъэм и щапхъэ



**Адыгэ бзылъхугъэр анэ гумащIэм, унэгуащэ щыпкъэм, бзылъхугъэ IэпэIэсэм, Iущым, гуапэм и щапхъэщ. Апхуэдэщ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ IэпщIэлъапщIэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, лъэпкъ фащэхэр къэзыгъэщIэрэщIэж дизайнер цIэрыIуэ, АР-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт усакIуэ Бэджокъуэ Бэлэ.**

БЭДЖОКЪУЭ Бэлэ Адыгейм и къалащхьэ Мейкъуапэ щыщщ. Къалэм щиIэ хэщIапIэм лъэпкъ дамыгъэхэмрэ тхыпхъэхэмрэ зыхилъхьа, адыгэ идэхэмрэ уагъэхэмрэ хиухуанэурэ игъэдэха иджырей лъэпкъ фащэ дахэхэм къадэкIуэу (зэманым къызэригъэувымрэ цIыхухэм я щIэупщIэмрэ къилъытэу, фэилъхьэгъуэм и пасэрей щIыкIэр IэщIыб ищIын хуей мэхъу), ныпхэр, дамыгъэхэр, цIыхубзхэм къагъэсэбэп хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, саугъэт цIыкIухэр щегъэхьэзыр, Iупхъуэхэр щед.

Экономикэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтами, Бэлэ гукIи псэкIи зыхуэпабгъэр лъэпкъ щэнхабзэмрэ адыгэ литературэмрэ хэлъхьэныгъэ хуэщIынырт. Аращ балигъыпIэ имыувауэ дэзыхьэха Iэрыщl гъуазджэм и щэхухэм зыхигъэгъуэзэну и жэрдэму, модельер-конструктор IэщIагъэр щIызригъэгъуэтыжам и щхьэусыгъуэри. Бэджокъуэр иджыри пасэу, курыт еджапIэм щыщIэса зэманым, усэ тхынми дихьэхащ. Абы лъандэрэ бзылъхугъэм усэ купщIафIэ куэд и къалэмыпэм къыщIэкIащ. Ахэр нэхъыбэу ятеухуащ и лъэпкъэгъухэм, абыхэм ижь лъандэрэ къадекIуэкI хабзэ дахэхэм, адыгэ щIыналъэм, лъагъуныгъэм.

Налшык къалэм и «Акрополь» нэгузыужьыпIэм 2017 гъэм утыку къыщрахьауэ щытащ «Принт Центр» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Антология женской поэзии» тхылъыр. Бзылъхугъэ усакIуэхэу Къудей Фаридэ, Мэржэхъу ФатIимэ, ХьэщIэлI Заирэ, Бэджокъуэ Бэлэ сымэ я усэ итщ абы. Бэллэ и усэхэр нэхъапэIуэкIэ газет, журнал напэкIуэцIхэмкIэ цIыхухэм ялъэIэсащ. Абыхэм зыхэзыгъэгъуэзэну гупыжзыщIхэм ахэр къыщагъуэтынущ Интернетым щиIэ Стихи.ру напэкIуэцIым.

Бэджокъуэ Бэлэ Налшык щыщ сурэттеххэу Тхьэкъуахъуэ Артуррэ Ардавэ Тамарэрэ и дэIэпыкъуэгъуу, 2017 гъэм накъыгъэм и 21-м къызэригъэпэщащ «XXI лIэщIыгъуэм и адыгэ пщащэ» проектыр. Абы щIэдзапIэ хуэхъуащ Бэлэ ида лъэпкъ фащэхэр щызэхуэхьэса «Черкешенка» выставкэм хыхьэу, ахэр зи IэпкълъэпкъкIи утыку итыкIэкIи зэкIуж пщащэхэм Налшык зэрыщагъэлъэгъуар икIи къалэм и щIыпIэ дахэхэм сурэтхэр зэрыщытрахар. «Нарт Хэку» ЩIалэгъуалэ Хасэм Адыгэ фащэм и махуэм ирихьэлIэу Налшык, Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм, илъэсищ ипэкIэ щригъэкIуэкIа «Фащэ гъэфIэж» щэнхабзэ Iуэхум хыхьэу, Бэджокъуэ Бэлэ и Iэдакъэ къыщIэкIа лъэпкъ фащэ дахэхэр пщащэхэм ягъэлъэгъуащ. Адыгэм и зыIыгъыкIэр, хьэл-щэныр зыхэлъ а фэилъхьэгъуэхэм еплъыну зи насып къикIахэр фащэр зыщатIэгъэну дезыгъэхьэхт икIи нэр зыгъэгуфIэт а зэхыхьэр.

- ЗэIущIэр зи жэрдэм «Нарт Хэку» ЩIалэгъуалэ Хасэм фIыщIэ хуэфащэщ. Абы кърихьэлIахэм фэилъхьэгъуэхэр хуабжьу ягу зэрырихьам ди гур хигъэхъуащ. Iэпкълъэпкъым хуэщIа адыгэ фащэм пщащэхэр зэрагъэдэхар къэIуэтэгъуейщ. Ар лъэпкъ фащэм и щIэупщIэм хэзыгъахъуэ, щэнхабзэм зезыгъэужь Iуэху дахэщ. Къыдэхъулlэмэ, апхуэдэ пшыхь купщIафIэ иджыри Мейкъуапэ, Черкесск, Налшык къалэхэм къыщызэдгъэпэщыну ди мурадщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и дизайнер Iэзэхэри, цIыхубз IэпщIэлъапщIэхэри а зэхыхьэм къызэреблэгъар гуапэщ. ЗэрытщIэщи, IэпщIэлъапщIэхэр зэпымыууэ щIэ гуэр долъыхъуэ, ипэкIэ доплъэ, зыгуэрхэр къыдогупсыс. Ди IэщIагъэм теухуауэ дызэчэнджэщыну ар IэмалыфIт. Къызэдгъэпэщыну ди мурадщ адыгэ щэнхабзэм и зэгухьэныгъэ. Ар къыдэхъулIэмэ, Iуэху щхьэпэхэр тхуегъэкIуэкIынут, - жеIэ Бэджокъуэм.

Мейкъуапэ щекIуэкI адыгэ щэнхабзэ фестивалхэмрэ гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ къадэкIуэу, Бэлэ и IэрыкIхэр щегъэлъагъуэ Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, Москва, Санкт-Петербург къалэхэм къыщызэрагъэпэщ щэнхабзэ Iуэху гуапэхэм. Бзылъхугъэ IэпэIэсэм и Iэдакъэ къыщIэкIа адыгэ фащэхэр дунейпсо утыкухэми щигъэлъэгъуащ, и лэжьыгъэхэм щIэупщIэрэ ехъулIэныгъэрэ яIэрэ паши щыхъуу.

Бэлэ зи ужь ихьэ Iуэху дахэхэм, лэжьыгъэ щхьэпэхэм хуэзыгъэушыр, дэрэжэгъуэ къезытыр фIыуэ илъагъу адыгэ лъэпкъырщ. Iэрыщl гъуазджэм теухуа щIэныгъэр зэрыгъунапкъэншэрщ Бэджокъуэм еш имыщIэу и зэфIэкIым щIыхигъахъуэр, щIэ къыщIигупсысыр. Абы щIэблэр къыхуреджэ а IэщIагъэ дахэр ипэкIэ ягъэкIуэтэну, ди фащэ дахэр щIалэхэми хъыджэбзхэми къыздезэгъым щыщатIэгъэну.

Адыгэ бзылъхугъэм и щапхъэ Бэджокъуэ Бэлэ и IэрыкIхэми усэхэми псэгъэгуфIэ-дахагъэ зэрахэплъагъуэр гур хэзыгъахъуэщ икIи гуапэщ. Апхуэдэхэм фIыщIэ яхуэфащэщ я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ лъэпкъым и щэнхабзэм, литературэм, гъуазджэм я зыужьыныгъэм зэрыхуагъэлажьэм папщIэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Журналист ныбжьыщIэхэр ягъэпажэ

**Бахъсэн къалэм «Мамыргъэмрэ щэнхабзэмрэ я парк» къызэрыщызэIуахым ирихьэлIэу, «Баксан» газетым хэIущIыIу ищIауэ щытащ къалэм и гъащIэр къызыхэщ тхыгъэхэм я зэпеуэ зэрыригъэкIуэкIым теухуа хъыбар. Абы къыхэжаныкIахэр газетым и редакцэм щэкIуэгъуэм и 17-м ирагъэблагъэри, саугъэтхэр кърatащ.**

АДЫГЭБЗЭРЭ урысыбзэкIэ зи тхыгъэхэр зэхьэзэхуэм езыгъэхьа еджакIуэхэм нэхъ Iэзэхэр къахэбгъэщыну гугъут, - къэпщытакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ. Я къалэр фIыуэ зэралъагъур тхылъымпIэ напэм къыщызыIуатэ еджакIуэхэм, дауи, ялъэкI къагъэнакъым Бахъсэн и дахагъымрэ абы щыпсэу цIыхухэм я щэныфIагъымрэ къагъэлъэгъуэн папщIэ. ИтIани, къэпщытакIуэхэм я къалэн гугъур ямыгъэзащIэу хъунутэкъыми, пэрыт увыпIэхэр къыхэжаныкIахэм мыпхуэдэ щIыкIэу трагуэшащ:

Япэ увыпIэ - Хъуэт Дамир (Бахъсэн дэт школ №5)

ЕтIуанэ увыпIэ - Нэгъуей Дарье (Бахъсэн дэт школ №6);

Ещанэ увыпIэ - Азычэ Ясминэ (Бахъсэн дэт школ №5);

Саугъэт щхьэхуэ хуагъэфэщащ етIуанэ классым щIэс, Бахъсэн курыт школ №4-м и еджакIуэ Къардэн Дисанэ.

Газетым и редактор нэхъыщхьэ Балъкъыз Аминэ редакцэм къеблэгъа ныбжьыщIэхэм щехъуэхъум зэпеуэм зэрыхэтам щхьэкIэ фIыщIэ яхуищIри, КъБР-р илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу екIуэкIыну тхыгъэ зэхьэзэхуэми хэтыну къыхуриджащ.

«Ди зэпеуэхэм фымышынэу фыкъыхыхьэ, фыщытекIуэ, - яжриIащ Балъкъыз Аминэ сабийхэм. - Нобэ ар зэхьэзэхуэ цIыкIу къыффIэщI щхьэкIэ, хэт ищIэрэ, зэман дэкIмэ, фэ фщыщ гуэр журналист, тхакIуэ, усакIуэ хъункIи хъунщ. НэгъуэщI IэщIагъэ къыхэфхыу щытми, фыкъыщалъхуа къалэр фIыуэ зэрыфлъагъур къызыхэщ сатырхэр тхыдэм къыхэнэнущ».

**ЧЭРИМ Мариannэ.**

# Хьэрхуэрэгъур щIегъуэжа е шынэжа?

**ЩэкIуэгъуэм и 20-м Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Лас-Вегас къалэм щызэхэтыну траухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Мырзэкъан Азэмэтрэ («Профессионал» цIэ лейр зыфIащар) Польшэм и лIыкIуэ Прачнио Марчинрэ я зэIущIэр, ауэ ар екIуэкIынукъым. Щхьэусыгъуэр - адыгэ щIалэм и хьэрхуэрэгъум идэжакъым абы и гъусэу рингым къихьэн. ЩIегъуэжа е шынэжа - ар зыщIэр езыращ.**

ММА зэхьэзэхуэшхуэм хыхьэу Мырзэкъаным иджы япэу зэIущIэ щригъэкIуэкIынур дыгъэгъазэм и пэщIэдзэхэрщ. UFC on ESPN 31 зэпеуэу Мырзэкъаныр япэу утыку къыщихьэнур Лас-Вегас дыгъэгъазэм и 4-м зэхэтынущ. «Профессионал»-м хьэрхуэрэгъу къыхуэхъунущ зэIущIэ куэд езыгъэкIуэкIа, Бразилием щыщ зэуакIуэ Линс Филипе. Абы зэпэщIэтыныгъэ 14-м бжьыпэр щиубыдащ, 5-м къыщыхагъэщIащ. Езы Мырзэкъаным октагоным зэIущIи 10 щригъэкIуэкIати, псоми щытекIуащ, абыхэм ящыщу 7-р нокаутkIэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Dana White's Contender Series зэхьэзэхуэу фокIадэм и пэщIэдзэхэм екIуэкIам и япэ раундым Мырзэкъаным техническэ нокаутkIэ хигъэщIащ Бразилием щыщ Шеффил Матеус икIи абы ипкъ иткIэ UFC-м илъэсиплIкIэ зэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ.

Мырзэкъан Азэмэт IэпщэрызауэмкIэ плIэнейрэ дунейпсо чемпионщ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**





УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.849
Заказ №2600